20r 13.658 (I)
Mal 1962

Lontar drewe Geria Pidada, Sidemen, Karangasem.
Sane nedunin ; Ida Bagus Gede Geria.
Sane mandungang; Ida Bagus Gede Geria.

## KIDUNG WIJAYA SMARA, GERIA PIDADA, SIDEMEN.1.

### § PUH DEMUNG SAWIT §

1a 1 Awighnam astu.
2 1. Rahina wengi ring marggi tanpa-raryan lagya gegelisan sangang wengi ring he-
3 nu meh prapteng Cakra-nagari kuneng Sri Narendra pinarek ing bale-agung kang
4 mantri atata hibek sama alinggih nguniweh para bhujangga kancit rakryan apa-
5 tih rawuh.
6 2. Lagi kari adoh tumurun ing kuddha anglungsur basahan sotan ing tameng laku
7 angluput tumandhang-mantri wong sama tataniya ih saking endi pukulun tar wi-
8 kan manira rakryan apatih angling hisun kaki wong ing Singha-santun amarek
9 eng sang prabhu.
10 3. Lah sira uga matura mangkat punang wong hinutus matur ing sri naranatha yan
11 dhatengan prapti agya marek ing prame-swara sang natha alon amuwus lah ta
12 konen tumamaha hingundang tumuli rawuh.
13 4. Kalih kascaryan eng citta mulat ing para mantrya alep sama nandang murub hi-
14 bek atata linggih nguniweh sang para bhujangga lwir tangkilan Sang Hyang Wis-
15 nu sinewa de ning dewata kalih mendhek awot-santun.
16 5. Kagiwang sang para mantri sri narendra mesem tur angucap paran gawene rawuh
2a 1 tembe mare-ki rakryan apatih hatur sembah pathik-bhathara hinutus de nira-
2 rin ira sang natheng Singha-sari tur-hatur suwalapatra winaceng hati de sang
3 prabhu.
4 6. Wekasan alon angeling Pangalasan mangkat de pun asru haturana nanak bagus
5 ndan sira rahaden mantri pinarek ring wijil ping tiga ri sor ing pala-raja
6 anggamel warana-yudha ken rangga rowang ira angadu.
7 7. Akampuh tepus-dalima rinajaseng paradha asumpang sumanasa katut rondone ri-
8 nukmi apinggel hapus hingapusan kris ira landheyan tatur sinelut ratna-pang-
9 kaja jinawa kresna bang murub.
10 8. Ali-ali mamanisan naka rurus apanjang aburat jenar mrik harum lathi geseng
11 abangkit waja nira wawa nridhanta asipat bot-pakudan yaya tumetes gendhis
12 angdan i twas lwir muksah dinulu.
13 9. Asuweng papelik arjja nguwah karna Panamun umangkat tilikana sang prabhu yan
14 huwus mijil malah rong-dina tan mareka kancit Pangalasan rawuh matur saha
15 sembah pathik-bhathara agya nutus de nira sang natha pamareka mangke pukulun.
2b 16 10. Dhatengana prapti saking Singha-sekar nenggeh sri narendra dahat de nira a-
17 gring tan hantuk husadi paka-nira kalokeng sarat Hyang Aswino-dewa nurun ma-
18 tangyan hinundang gumuyu raden mantri adhuh kenoh dahat kapo iku pananuju
19 ing tanu.
20 11. Ri ujar ing amastawa purna manira angrungu dalanan ing manggih sadyuh wong
21 ira sahur-paksi pathik-bhathara anuhuna sok ken rangga ndatan milu tumungkul
22 sekel ing citta ah tan-wun agawe keyuh.

## KIDUNG WIJAYA SMARA, GERIA PIDADA, SIDEMEN.2.

### ≬ PUH DEMUNG SAWIT ≬

2b 23 12. Mulat wikan twan mantri gumuyu neher lumaku anitih i kuddha-jamus pinayungan
24 angrawit wong ira sama nandang kumram anganggo botan Jawa krisniya landheyan
25 gadhing akekembang lwir panjrah ing santun.

26 13. Sira Mambang pareng lan Kawi-wijaya amawa pawahan upa-cara ring ayun tamyang
27 kolem lan parapit dhadhap hingemasan kendhang-cina muniya langu lan ing ce-
28 wagara tan asuwe ring marggi wus prapta ring panganstryan tumurun sarwya
29 nglungsur kampuh.

30 14. Saya amuwuh i pekik apet raras wong ing Singha-sekar sama gawok andulu ki-
31 dhep Hyang Smara andadi ngutpeti eng sarat lewih kascaryan eng tanu de ne u-
3a 1 pa-cara tiningkah tuhwa ngrawit iki tuhu raja-putra maha-wirya pekik anulus.

2 15. Teka ring pawongan ira sama pekik araras tangeh sa-kwehniya amuwus ndan sira
3 para mantri tumurun kagiwang eng natar amendhek awot-sekar makadi rakryan a-
4 patih kapenetan ling ira sang prabhu.

5 16. Alinggiha sira tuhan rahaden mantri tumandhuk tumuli munggah alungguh sang
6 natha alon angling yayah ira kinen angundhang mara ring Singha-sekar nenggeh
7 dahat agring lagi tan kena ring tadhah turu.

8 17. Lah ta lungha sira kaki atma-jiwa putek hisun angrungu tulung den aglis pa-
9 lar hantuk de ning husadi gawya-yu tan pejah rakryan apatih humatur pawekas
10 sang natha lagi aminta jiwita yan henak dhatenga pukulun andika sang ahulun.

11 18. Sumahur rahaden mantri adhuh dahat tan wenang pinanjang andika sang ahulun
12 ring hisun iki angaturaken pangusada anghing yan henak sang prabhu sampun da-
13 hat rena yan tan henak sampun ahuyung pan tan tuhu bisa ah kakehan mene jinu-
14 mbung.

15 19. Angaturaken ing nrepati kulehe ndatan tuhu lewih kang wirang linakun rakryan
16 apatih angling duran si kang adrewe citta kulehe sira sang prabhu mangke ring
17 parame-swara pan masa ning huwus hantu.

3b 18 20. Angapa-ntuk mangke-ki de ning anambung i tuwuh sapa wikana pukulun gumuyu ra-
19 den mantri enjang amit pathik-bhathara lumaku gagelisan malar amanggya hurip
20 sri narendra manggut sang ahulun.

21 21. Lah sa-ndika nira kaki tumuli rawuh raden Kumara wong ira-keh andulur akam-
22 puh ijo bwat Keling apinggel hangsaran sumpang ira sina-dadu ali-ali bang ijo
23 anungklang keris-kaputran ndan sakweh ing mantri tumurun mesem sang lwir Ata-
24 nu.

5a 25 22. Alinggiha sira yayi tumulya lungguh sang natha amuwus kakan-ta kaki hinund-
26 ang maring Singha-sari pun apatih prapta enjing kakan-ta lumaku nenggeh yayah
27 ira dahat de ning agring lah tumut i kakang ira manawya amanggih pakewuh.

28 23. Tumungkul raden mantri mesem pan wikan eng citta suksma ning ujar sang prabhu
29 Raden Kumara angling pathik-bhathara amintara harep wikana pukulun maraha
30 ring Singha-sekar rakryan apatih amuwus.

31 24. Atut lunghaha singgih manawya alawas pukulun raka paka-nira wenten aneng Si-
32 ngha-sari maran tan akarya sangsaya jumeneng ring kadhatwan gumuyu sri bhupa-
33 ti ka patih anadhaha rumuhun.

## KIDUNG WIJAYA SMARA, GERIA PIDADA, SIDEMEN.3.

### ∫ PUH DEMUNG SAWIT ∫

4a 1 25. Kalih amit maraha ring pasanggrahan cinadhang ing tadhah wong ira tan kari
2 ndan rahaden mantri lumaris maring kamegetan sok pun Panamun andulur amawa
3 pawahan kuneng rahaden dewi lagi wenten ing natar alungguh wong ira aguguru.

4 26. Sama-nak ing mantri lagi dereng tama amaranti unggwan Ken Bayan munggwing a-
5 hyun sira Murddha-rasmi angling bapa mantri prapta tumuli huwan twan galuh
6 atukup salukat ling ira raden dewi kaka mantri alinggiha asung patarana alu-
7 ngguh.

8 27. Angling rahaden mantri heman yan tan tumulusa hela manira angrungu panalukat
9 Hyang Ratih patut ipun ring kaping-tiga mesem sira raden galuh Ken Bayan ana-
10 huri kawula iki kabeh durung wruh.

11 28. Gumuyu raden mantri de ne ulah ing tan wikan katara ring rupa dudu sama-nak
12 ing mantri tiwas-tiwas ing wong jro-pura guguron ira twan galuh sapa wenang
13 nampahi Ken Bayan Sanggit mesem amuwus.

14 29. Wirang manira tan sipi kacarakan sama tan anut tuhu angling twan mantri owa-
15 hana tiki sing dede patut ing palampah rahaden galuh amuwus kaya-ndika nira
4b 16 tur asung tanah lepihan tumuli anunurat asideha muwuh i bagus.

17 30. Ri sampun ing tumut sira amalampah Ken Bayan tumandhang aglis swaraniya langu
18 ndatan kahiring amamanggel madhu cacahan harsa sira raden galuh winidhi lagi
19 alumuh angling twan mantri sun hantuk guguron anyar yan kangge manira anga-
20 tur.

21 31. Olih ing angripta ring Angga-nagara wenten tatawanan ring Handhyaka-puri pa-
22 tut ipun sama abecik ling ira rahadyan lamun katuju posi sun anedha eng sira
23 angling rahaden mantri Panamun meta den enggal tan asuwe prapta adulur.

24 32. Katur ring rahaden dewi tumuli rawuh Raden Kumara sinanding alinggih ling i-
25 ra twan mantri ing enjang sun(amitelu) amit lunghaha maraha ring Singha-san-
26 tun matangyan hinundang nenggeh sira bapa-ji agring tan kena ring tadhah tu-
27 ru kagyat rahaden galuh.

28 33. Angapa-ntuk sun iki tan lyan anuhun posi sun yan henaka gelis umangsul ang-
29 ling rahaden mantri masa glisa de ning atulak pan lyan kang paran ing kahyun
30 amrih sang ratna ning pura anilib tembe yan mantuk.

31 34. Kangken olihan ing sira rahaden galuh gumuyu iku walyan maha-wisa angimbuh i
32 agring bapa-ji kelangan atmaja rahaden mantri gumuyu sapa mangke angluputa
33 pan mula kukudang hisun.

5a 1 35. Raden Kuddha-kumara ngling saha smita pathikebhathara buhun pan maka daksina
2 ning angusadi sinung mas manik raja-mulya tan ana pakenan ipun hus kakwehan
3 drewya yan mangkana katuju hisun mesem sang lwir Smara neher amit kalih umetu.

4 36. Prapting bancingah tumuli apangarah ing bala-dhikara sa-kweh ing sang mantri
5 sama den pinilih apan lagi agegelisan hus ing apangarah mantuk ling ira ka
6 rangga adandanana asthi wong Janggala kabeh ndatan kantun saha sanjata tumut.

7 37. Ken Rangga nuli adandan wahana asthi acucul sa-paniskaraniya upa-cara tuhwa
8 ngrawit dukduk rangin pinontang emas rahaden mantri umantuk ndan sira Dewya-
9 nrang-langa wenten ing natar alungguh.

## ⁑ PUH DEMUNG SAWIT ⁑

5a 10 38. Pareng sira Citra-gandha anita atoh-tohan harsa aguguywanan kancit rawuh ra-
11 den mantri marepeki mesem angucap ih babotoh kapo tuhu neher asideheng wat-
12 wan sapo-lih pakene ri sun.

13 39. Sang liningan meneng tumuli ahusan raden mantri amuwus enjang sun amit ma-
5b 14 ring Singha-sari angusadani sri narendra angapa kalih sira-sung sahuren mani-
15 ra sira Nrang-langa amuwus sapa tan aweha ah lungha yadyan sa-palaku.

16 40. Gumuyu rahaden mantri neher amekul angaras-haras andulang i sepah adhuh ca-
17 nggih sang ahayu iki aweh tan tekeng twas wikan manira pukulun de ning asih
18 dahat karaning asmu runtik yan alawas manira tan rawuh sampun sira ahuyung.

19 41. Pan dahat eweh linaksan yan tan henak sang ahulun nora-na aglis umantuk le-
20 wih wirang ing hati pan huwus kaloka eng sarat su-sakti angusada wekasan tan
21 amrati lemeh ginuywan ing sa-nagantun.

22 42. Dumadak wenten sih ing widhi andulur i posi sun henak sira sang ahulun aglis
23 mangsul e riki wet ning tan wenang apasaha nitya kasusuk ing kahyun sa-raras-
24 raras-ta tuhan honeng apasah i risun.

25 43. Tur hinganti munggah maring pagulingan harsa namtam i lulut pan tuhu asih
6a 1 lingsir sama tangi tumuli ahyas ring pagandhan akampuh puru kawya-lus ginan-
2 dha mrik sumar mesem tur alon angling hisun maring kakang ira asung sepah ne-
3 her tumurun.

4 44. Lumaris sarwi angayuh sumanasa sinumping embeh bagus angidunga-ris swara ma-
5 nis andudut hati prapting salu Kilyan sira-Stra-prana katemu alinggih eng na-
6 tar wong ira nabuh salukat ri heb ning sarpa-puspa sang prapta sumanding alu-
7 ngguh.

8 45. Tur angusap-husap angga sun amit enjang pukulun maraha ring Singha-sekar hi-
9 nundang nrepati angapa de ne tan harepa sira-Stra-prana amuwus atut kaya-ndi-
10 ka nira pan asewakeng sang prabhu.

11 46. Malar ana sihan ira sang natha-rep amantwa pan mula papacangan sumahur raha-
12 den mantri ah tan wenang mangke pinanjang apan ing huwus liyan masa hyuna
13 sri narendra wyakti sun tan malyeng kahyun.

14 47. Pan sampun sira sang saksat atma-jiwa tuwi mimisanan wenang maka padmi rowa-
15 ngan ing ahurup hurip tinalyan eng hunang sira-Stra-prana amuwus ndi kang a-
16 ngedhepa syapa si husus anggula ujar ing kabotohan ndatan wenang mangke pin-
17 tuhu.

6b 18 48. Gumuyu rahaden mantri neher amekul angaras-haras yan tan tuhu singgih ujar
19 hisun iki matangyan tan kapalang-halang hisun asapata mas-ku yan tan tuhu
20 siha kangken hisun pekik anulus nuraga ring sarat jayeng rana sih ing sang
21 ratu.

22 49. Lewih asih paka-nira sang liningan ndatan sahur hewa asemu rengu sire-nya ni-
23 ra angling sapa tatan ahyun pangeran ananggya sosot pukulun mesem sang lwir
24 Manasija lah anadhaha maskwi-ndung.

25 50. Lapa manira singgih dalu de nira anabuh tumuli prapta punang tadhah anadhah
26 twan mantri akembalan sira-yi nira ri huwus ing anadhah wong ira sama nyarik
27 praptang ratri kalih sama turu.

KIDUNG WIJAYA SMARA, GERIA PIDADA, SIDEMEN.5.

≬ PUH DEMUNG SAWIT ≬

6b 28 51. Paran ta ulah ing akalyan eng tilam pan sira kadya mungpung bang-bang Udaya-
29 giri nuliya tangi tumuli ahyas ring pagandhan akampuh sutra-ngun-angun kum-
30 ram pinaradha anungkelang keris kaputran rinenggeng ratna abhra murub kalih
31 lan kemit-tuwuh.

32 52. Sekar ira mas awarna sumanasa rinajaseng mirah ali-ali bang biru abapang ka-
33 naka-adi dinraweng sosocan pinggel ira winada-gung apanumbuk mirah mesem tur
34 alon angling mangke sun amit pangeran sangonana sepah iri sun.

7a 1 53. Lumaris angebang-hebang katut twas ira mulat lewih lara sang dyah kantun sa-
2 ma asmu tangis kangen sa-raras-raras ira tistis punang kadhatwan prapting ya-
3 wi twan mantri ling ira sedheng mangke lumaku.

4 54. Neher anitih i liman pinayungan tum dinulu upa-cara ring ahyun wong ira a-
5 neng wuri sama anitih i wahana anganggo botan Jawa sama tumandang-mantri
6 wenten sahasra kweh ing andulur.

7 55. Kancit prapta sira patih sira tumenggung anungsung ring henu angling twan
8 mantri lah pareng lumaris kulehe dalu sa-rahina agya ngajap-ajap mantuk rak-
9 ryan apatih smu guyu dingaryan pangeran malah sa-wengi tanpa-turu sira tume-
10 nggung amuwus.

11 56. Tontonen manira ring parame-swara raden mantri gumuyu neher lumaris wong ing
12 Singha-sari angiring sama harsa-citta prapta sira ring manguntur lumaris ing
13 pura amit ing prami-swari ndan Raden Kuddha-kumara hus ahyas tumuli tumurun.

14 57. Mara ring sira Murddha-rasmi prapta mesem amuwus hisun amit abuburu hantuk
15 harini-alit sira Murddha-rasmi angucap ih kapo anguluk-uluk sira maring Si-
16 ngha-sekar Raden Kumara gumuyu.

7b 17 58. Mekul tur angareki sapa awarah eng sira hisun mareng Singha-santun kulehe
18 bapa mantri angapa sira-sung pangeran yan tan asung hisun hurung sira Mur-
19 ddha-rasmya ngucap ih kapo daran arawuh.

20 59. Raden Kumara nahuri saha smita sampun sira ahuyung enjang sun prapti manggut
21 sira Muddha-rasmi tur sinungan sepah lah hinya pamekas hisun yan sira alara
22 undangen hisun prapti sire-nya nira anembah kantuna sira sun umetu.

23 60. Lumaris tumuli amit ing sang natha wus prapting pangastryan sama anitih as-
24 thi tinut ing jong angrawit sang mantrya-dhikara anganggo pahesniya murub
25 anunggang wahana lumaris raden mantri kumrebeg sa-kweh ing wong andulur tan
26 wuwusen ring henu.

27 61. Meh prapta ring Singha-sekar punang wong anininghal malah angibek i henu sa-
28 lawang-lawang prapti sama gawok sa-kweh ing mulat anangguh Sang Hyang Smara
29 tangeh de niya amuji sa-kadalan ndan sira sang prabhu.

30 62. Saya amrat lara ning agring tan keneng tadhah turu mingel kalawan manggut
31 tan wenang de nira-ngling kulit juga lawan tahulan wet ning roh ing sarira
32 wong ing jro sama nangis asasambat lewih sri nrepa-wadhu.

33 63. Lan sira rahaden dewi tan sah amekul anungkem i suku dhuh bapa-aji paran
8a 1 wekasan hisun iki tinilar ing pejah manira tumut anglampus lalu tan sih ing
2 hyang ling ira prame-swari paran ta-nggan ing agesang tan-wun mangke atemah
3 luluh.

## KIDUNG WIJAYA SMARA, GERIA PIDADA, SIDEMEN.6.

### ≬ PUH DEMUNG SAWIT ≬

8a 4 64. Sang para yati sama-ngling heren rumuhun ranak-ta pukulun malar yan prapti
5 hantuk angusadi manawa wenten siha ning hyang ndulu ri sira sang prabhu me-
6 neng prami-swarya pijer de nira nangis kancit prapta kang pawongan matura
7 ring sira nrepa-wadhu.
8 65. Yan prapta sira raden mantri kari mandeg ing manguntur harsa sa-kweh ing a-
9 ngrungu makadi prame-swari angling haturana den enggal mangkat punang wong
10 hinutus matur ring raden mantri sang hinaturan tumuli tumanduk.
11 66. Pareng rakryan apatih kinanti raden Kumara sok pun Panamun andulur amawa kan-
12 daga-di anjug-jug maring salu Kilyan wus prapta ring jro-pura jenger kang a-
13 ninghali kagawokan sa-kweh ing andulu.
14 67. Tumurun sang maha-muni padha anungsung angling nrepa-wadhu nohan sun kaki ri
15 prapta nire-ki ih aja awedi pangeran rahaden matrya-wot-santun munggah ing ba-
16 tur ling ira prami-swari tinghalana yayah ira lagi tatan hidhep posi-sun.
8b 17 68. Lah sakarep ira iki amalampah sun aminta jiwa tulus de nira-sih ri yayah-ta
18 kaki sang liningan asahur sembah karaning prapta pukulun amrih sri narendra
19 henak jumeneng ing pura malar-malar hantuk pukulun de pathik-bhathara-tur.
20 69. Lagi tan wenang pinanjang andika prame-swarya henti harsa nrepa-wadhu lah a-
21 linggiha kaki tumuli alinggih ing tilam mulat ing sira sang prabhu angres
22 twas ira tuminghal ling ira malaku banyu.
23 70. Neher anggarap i angga sinocan sri narendra lagi tan huninga sira prami-swa-
24 ri angling paran amet maka husada rahaden mantri amuwus dhuh sampun rimihin
10a 25 minantra yan ri walwan eng dangu.
26 71. Sang minantran matis lwir katiban mreta purna tang hredaya sumusup ri hati
27 anglilir nulya-ngling ih sapa asih asung jiwa sri prami-swari amuwus tur a-
28 mekul sang katong anak-ta nanak mantri ana ring Cakra-nagara sri narendra a-
29 lon amuwus.
30 72. Bahage hisun kaki prapta nira asih asung jiwa karaning tan tulus angemasi
31 pati paran si panahuran hisun liwar gunge hutang hisun ndatan keneng hingan
32 mesem rahaden mantri singgih tan wenang pinanjang nis-karana-ndika pukulun.
33 73. Panedha pathik-aji henak juga sang ahulun saksat olih wara-nugra pathik-
9a 1 bhathare-ki karaning prapta gegelisan malar amanggih pukulun kari hantuk
2 hingusada sang natha harsa angrungu.
3 74. Wekasan angling aris iki si maka-ngga mreta Hyang Aswino sira nurun lah ana-
4 dhaha kaki lesu de nira gugulingan rahaden mantri umatur becik paduka bha-
5 thara anadhah mangke pukulun.
6 75. Lah sandika nira kaki wus pinalaku anadhah sang prabhu sang para mantri mu-
7 lat harseng hati nguniweh sang para bhujangga makadi sri nrepa-wadhu sang
8 para bini-ajya amastawa twan mantri iki paran anggeh ira singgih sanak pa-
9 thik-pukulun.
19 kuneng sri bhupati angucap ing sira-yi nira kulehe sama umangsul tan angga-
20 nak ira walik kapo awehi ri sun pan kakwehan drewya yan amidhi sira-mit man-
21 tuk.

{ PUH DEMUNG SAWIT }

9a 10 76. Mesem sira prami-swari lah ta tuhan anadhaha rumuhun sampun akumbi lesu dera
11 guling sawet ning adoh linampahan rahadyan kalih wot-santun amit tumuli ume-
12 tu sang mantri sama andulur prapting wijil pisan hingaturan tadhah tan ahyun.

13 77. Munggah neher aguling wong ira kabeh tan kantun sama dinawuhan hibek aling-
14 gih eng yawi prapta lwir gunung sekul hulam sang mantri ring Singha-santun
9b 15 harsa lwir tamuhan kadang aguyu-guywan anginum.

16 78. Makadi rakryan patih kinanti Rangga Maprana maraha ring ka Denpasar anakniya
17 tan kari wong ira akeh andulur anjug-jug ring salu Kilyan sira pinatih ang-
18 ling sapa iki tar wikan posi sun.

19 79. Rakryan apatih nahuri anak ira ing Cakra-nagara anut ing twan mantri ngusa-
20 deng nrepati sira pinatih harsa mulat liwat katuju ning tanu angalapa mantwa
21 kabeh alep apekik lah kaki sama linggiha sang liningan neher alungguh.

22 80. Prapta panwagatan ira-sri araras sama ginorawan kuneng raden galuh wenten
23 ing sri narapati angapya-rseng citta amekul ing sira sang prabhu sang para
24 bini-ajya tan lyan paran ing andika sira sang lwir Kadarpa egar sa-kweh ing
25 angrungu.

26 81. Lewih wong ing jro-puri sama hela-hela andulu tangeh wuwusen de ning sun pra-
27 ptang ratri kang enjing sang natha adandan ganjaran mas manik tan keneng hi-
28 tung sa-padulur anggyan-anggyan ndan sira sang lwir Atanu.

29 82. Mentas wau atangi/ Raden Kuddha-kumara akampuh per-emas hungu kris alandheyan
30 pingging apinggel hapus hingapusan ali-ali mirah hungu asideheng patarana nu-
10a 1 nurat citre-mbeh bagus. /lan

2 83. Atyanta rawit ning tulis tumuli rawuh punang pawongan sama mendek eng batur
3 saha wot-sari pukulun kinen angatura andika nira sang prabhu mesem sang lwir
4 Smara wekasan angling-aris adhuh kama-kara sang ahulun pamalaku eri sun.

5 84. Lah matura uga nini ri sang natha kulehe mangkana wyakti tan harep hisun ane-
6 dha eng sri bhupati pan kakwehan drewya walik manira-tur-hatur pamangsula u-
7 ga gawanen kabeh kapo iku yan kedha sira sang prabhu angur sun amit mantuk.

8 85. Gumuyu sira Pisangan dhuh nis-karana pukulun andika prame-swara ahyun mangsu-
9 la mangke-ki durung henak sira sang natha paran becike puniku meh-meh tumut
10 sri narendra sa-jro tan ana akantun.

11 86. Gumuyu raden mantri singgih yan tuhu mangkana ahyun sira sang ahulun maring
12 Cakra-nagari iki sun nitya-tur drawina yadyan sa-tuwuk ing kantun masa wadi-
13 ha manira asewakeng sang ahulun.

14 87. Wong ing jro sama angapi pacuh gumuyu marek ing sang prabhu ndan raden man-
10b 15 tri tumuli umijil pareng sira Kuddha-kumara pinarek sireng manguntur ri sor
16 ing wandhira hibek wong ira linggih asinang tang pangastryan ri prapta nira
17 sang abagus.

18 88. Ndan sang mantring Singha-sari sama kalulut anut ing palaku tinudwing widhi
19 kuneng sri bhupati angucap ing sira-yi nira kulehe sama umangsul tan angga-
20 nak ira walik kapo awehi ri sun pan kakwehan drewya yan amidhi sira-mit man-
21 tuk.

## ⁅ PUH DEMUNG SAWIT ⁆

10b 22 89. Ling ira prami-swari ewuh tur kelang-hilangan drewya pakene tinulung ah tan
23 kawasa iki anglampahaken guna dosa duran si tan adrewya panaha nireng hati
24 putek hisun lagune tan ahyun.

25 90. Paran sahuren te-ki anghing tar wikan posi sun sang natha alon amuwus lamun
26 sampun tan hapti angapa de ning sun pangeran tuhu pinalwih kaye-ku tan hen-
27 tya ring raja-drewya sira krayan patih amuwus.

28 91. Pathik-bhathara misinggih huni duk rawuh kinen tumama de nira sang ahulun
29 lagi kascaryan eng hati mulat ing tangkilan hibek tekeng alun-alun sang man-
30 trya-dhikara anguniweh para kawi ksatriya tan keneng wilang sri narendra a-
11a 1 muwus.

2 92. Pan iku ratu maha-di maho-ttama sugih bala-wirya sobhagya wah bhogi kina-
3 jrihan de ning bhupati ndatan papacuhan lewih kascaryan eng tanu de ne apu-
4 putra wicaksana su-sakti pekik tan sama ring jagat tuhu iki Hyang Smara nu-
5 run.

6 93. Ih sapa kakasih ira rakryan apatih umatur sira Kuddha Angga-smara de nira
7 nrepati nenggeh roro arabi putrya saking Angga-nagara mimisanan puniki pan
8 asanak sira sang ahulun.

9 94. Kang anom malih punika sang putra ring Andyaka lagi hantuk ing anawan de
10 nira twan mantri mula ning sang natheng Asmaka anglamar ing raden galuh ana
11 ring Angga-nagara tan sinungan de sang prabhu.

12 95. Henti runtik sri nrepati prapta anglurug kalih sang ahulun Andyaka-puri pan
13 asanak reke nrepati anut ing payuddhan rahaden mantri atulung ring Angga-
14 nagara amejahi kalih sang prabhu sama apuputrya ring Asmaka arare tuhu.

15 96. Sinungaken ing sang hari ring Andyaka pinaka stri nira kaprenah madewi ru-
11b 16 pa nira ngrawit makadi ring Angga-nagara pan mimisanan puniku maka padmyan
17 ira waneh ksatriya kweh tan ketung anak Raden Arya roro pinaka stri rumuhun.

18 97. Nenggeha wau prapti ana ring Angga-nagara wenten pangundang pukulun ling
19 ira sri bhupati adhuh gawok hisun tanpe-ngan de nira anjaya ratu anom dahat
20 sureng rana tumulus dene abagus.

21 98. Angling sri prame-swari mogha tanpa-naha hisun anengguh taruna kulehe papa-
22 ngkas-alit ih kalingane wus arabya kapo akarakah dyah kakwehan ing pawestri
23 sri narendra mesem tur amuwus.

24 99. Tan wenang luputa eki ulah ing ratu atut mangkana ndatan pahido hisun ing
25 nanak mantri kadya-nggan ing sira Sang Kresna so-dasa-sasra kaye-ku akweh
26 ing arabya sira patih asahur guyu pathik-bhathara anuhun mesem sang nrepa-
27 wadhu.

28 100. Sapa aninda kaye-ki didine iku tan sawaweng tuwuh dudu wulat ing kalanjon
29 ing buddhi sang natha gumuyu angucap aywa wikane andulu ring sira-nak ira
30 walang-hating-sun yan ing awruh mene pinalampah angapa de ning ndatan asung.

31 101. Apan ing hutang hurip maran tan angga weh pakewuh rakryan apatih amuwus
32 pathik-bhathara ngiring ndan sira sang lwir Manasija mentas wau atirtha
33 wenten eng madhe-alit kampuh ira parijata alus.

## KIDUNG WIJAYA SMARA, GERIA PIDADA, SIDEMEN.9.

### ∦ PUH DEMUNG SAWIT ∦

12a 102. Asabuk sutra kekembang arjja anguwah karna patap ning susunggaran kris ira
maler i nguni asumpang sumanasa syama pinggel ira dadung awuk pareng sira
sang hari sa-pawongan ira aneng batur.

103. Prapta pangundang nrepati neher tumanduk tan akeh andulur sok para mantri
angling sri bhupati merene sira anak i ngwang rahaden mantri wot-santun mu-
nggah alungguh sira prami-swari amuwus kulehe pangeran tan angga yayah ira
13b asung.

104. Anghing samatra pan sira ratuha nistha den tulus sih ira raden mantrya-wot-
santun tan malih-malih andika ring pathik-bhathara sang natha harsa angru-
ngu ndi harin-ta tuhan angapa tan mare-ki singgih wenten ing pangastryan
sira prami-swari amuwus.

105. Nenggeha wau prapti sira ring Angga-nagara yayah-ta tinekan satru singgih
karaning runtik anglamar lagi tan sinungan sang natha ring Asmaka sumahur
sri bhupati nenggeh sira amrajayeng ayun.

106. Gawok hisun tan sipi ndi ana kaya sira-naku anom prawira ring rana su-sak-
tya ngusadi kahanan pekik tan sameng rat saksat Hyang Smara anurun amindha
12b ring bhumi yadyan peten mangke sa-nagantun.

107. Masa-ntuka kaya iki atma-jiwa tan sakaring anyumbung hisun amuji angling
prami-swari hendah yan tan amuja-smara ping sa-sra yayah-ta dhangu dene a-
puputra kaya Sang Hyang Manobhawa mesem sira rahadyan nis-karana-ndika pu-
kulun.

108. Wirang manira tan sipi hinastawa de parame-swara lagi dahat tatan wruh le-
14a wes eng hati sira para bini-ajya ngucap adhuh tan mangkana iku andikan-ta
tuhan sapa mastaweng sarira ndi ana kaya sira dudu ulah ing wong atanruh.

109. Gumuyu sri bhupati mekul angaras pasuryan adhuh kaki anak hisun tan pendah
kadya ngipi henak sa-prahara de nira iki Hyang Aswino nurun ngilyaken mreta-
njiwani paran ta si panahuran hisun.

110. Maha-bhara weh hurip asih lwir yayah katuhwan wyakti doh linampahan tan a-
na adrewya buddhi hawanan ing tan tulus pejah rahaden mantri tumungkul mam-
peh luh ireng aksi lwir winungu lara nireng dhangu.

111. Kangen ing sira Nropating Kahuripan mapa wasa ning kantun meh angemasi wet
13a ning lara-bhara naputi syuh rasa ning citta wekasan amit umetu sang natha
anut ing dulu prapting wijil-pisan tibra guling waspa dres metu tontonen
ing yaye-ndung.

112. Ana-nggan ira-rep mantuk ing Kahuripan apan apratijnyeng dhangu yan tan ka-
panggih sira sang pinamrih nora-na mangsul ing Janggala mangke tan matra
katemu sesek ing hredaya hingaturan tadhah tan ahyun malah lingsir tan ahu-
ngu wong ira sama tan wruh.

113. Ri marma ning awingit Ken Rangga mara mekul suku adhuh dewa pukulun tar wi-
kan manire-ki marma ning asemu sungkawa rahaden mantri amuwus hisun huni
minjeroha sang natha ngarekya-mekul.

## KIDUNG WIJAYA SMARA, GERIA PIDADA, SIDEMEN.10.

### ∥ PUH DEMUNG SAWIT ∥

13a 11 114. Eling ring bapa-aji ya karan hisun ahuyung wong ira sama kapiluh Raden Kuma-
12 ra angling abecik mantuka pangeran amlasaken sang ahulun yaya mokta awingit
13 sang hinaturan mekul asahur luh.

14 115. Angapa de ning sun mulih pan pratijnya pisan-pisan anglampus pejah awingit
15 tembe malar sihan ing widhi kapanggih kakan-ta hisun amit ing sang prabhu
16 mantuk ing Janggala yadyan ping sapta ndadi nora sun lali e sira makadi sira
13b 17 sang ahulun.

18 116. Sang liningan asmu tangis pareng aturu ndan sira sang prabhu ring prami-swa-
19 ri angapa sun iki mulat ing sira nanak mantrya angapa sira andulu akeh himp-
20 er ira sira kaka-ji Janggala huni duk ira anwam sira prami-swari amuwus.

21 117. Nora-na kapo sun dawak mulat kaya mangkana huni dukniya wau rawuh kagyat hi-
22 sun ninghali eling ring kaka-ji Janggala katuwon hingsun tan awruh ri anak
23 ira sang hilang yan ana himper asunu.

24 118. Malah suwe tan prapti asusupan ring dur-ggama angualat i nanak galuh meh a-
25 angemasi pati sang natha asahur karuna sama dhinendhan ing hyang yadyan hi-
26 sun kaye-ki durung mene kageman ing tuduh.

27 119. Sama sira asmu tangis ratri kang esuk adamu sang prabhu ndan raden mantri
28 tumuli umijil pinarek sireng huddhi-jajar akara sapuluh wegung prapteng Si-
29 ngha-sekar henak sri narapati nitya nangkil minjeroha henti harsa ning wong
30 andulu.

31 120. Atur-hatur ing twan mantri tatadhahan sarwwa ning uttama sa-hisi ning nagan-
32 tun nitya tan henti makadi rakryan catur-sanak kawahan sira andulu lungha
14a 1 dyus ing taman sa-kadehan ira tan kantun tinut ing wahana pinayungan asri
2 dinulu.

3 121. Ndan sa-kweh ing anininghal sama harep wikana agarawalan lumaku ana suweng
4 sa-sisih sawaneh lukar ing kesa-rjja ana kasingsal ing kampuh ana atukup
5 ing suswa sa-lawang-lawang umetu.

6 122. Malah angibek i dalan wong ira sama gumuyu tumendhas ring ka-ksatriyan anak
7 ing sang mantri munggah mulat sireng lalaeyan atawing-tawing wastra ana-nak
8 Arya Wadana munggah ing saga-ntya ndulu.

9 123. Sedheng ing mapangkas alit rupaniya ayu anandang jenar hus ing apapali asi-
10 njang manjethi aharan sira Puspa-raga wong ira akeh andulur sama kagawokan
11 ndan sira raden mantri henti harsa nira mulat pan katuju rasa ning kahyun.

12 124. Kapendhak liring amanis kinincangan tinawan ing sepah sang dyah mesem tumu-
13 ngkul kakenan rasmi miyat ing sang lwir Manasija Rangga Maha-prana matur
14 dhuh sampun pangeran manawa istri-larangan mesem sang lwir Kadarpa tur lu-
15 maris lagi tan asru.

16 125. Sarwya ngagem camethi lan Raden Kuddha-kumara angirab tandhang abagus astha
17 lemes alaris naka nira amanik-toya lengleng sa-kweh ing andulu prapta ring
18 dalan angetan anut ri pinggir ing banyu.

## § PUH DEMUNG SAWIT §

14b 126. Kebo Akasa angucap didine paka-nira honeng akarya pakewuh duk ing Angga-na-
gari akeh kang stri ngemasi pejah sawaneh alabuh banyu ana asuduk-sarira
Rahaden Mantri gumuyu.

127. Ndan sa-kweh ing aninghali sama-nggung lulut raga-karana hela-hela andulu
angarang rasmi tontonen sang aweh turida lara tan kena sinamun waliksah a-
ngesah tangeh de niya sama ahuyung kuneng sri narendra pinarek ing natar a-
lungguh.

128. Wenten rakryan apatih umatur ring sira sang prabhu sira ranak prame-swara
pindha ning awingit manawa tontonen ing rabya pan tan wenang apasah dyah
mangke agya-mit mantuka yan henak reke pukulun.

129. Pangrenga pathik-bhathara anak Wirya Wadana pindha ning kinaharsa nenggeh
kinincangan alis sa-ndulu munggah ing laleyan sang natha asahur guyu lah
undang Arya Wadana kinen tumama eri sun.

130. Mangkat sira kryan apatih sang natha muwus ri sang nrepa-wadhu pun Mrega-
wati palaku ing nini roro kangken ganjaran ira rupaniya sama-yu-ayu malar
15a katungkula lawas kari eriki sira prami-swarya ngucap Pisangan matur ing nak-
galuh.

131. Tulus ring yayi madewi ngehyasana sang liningan lumaku Ken Mrega-wati kacun-
duk ing beji sira Pisangan asmu smita ih bahage ko katemu nini kinaharsa
sang natha ing twan dewi kangken ganjar ing husada mene ratri kang pinalaku.

132. Hendah yan tan anwapena hingaras ing bhramara adyus ring jaladhi-madhu ka-
balaburan gendhis alaki Sang Hyang Manasija karaning mangke tinuju sira Mre-
ga-watya ngucap ah kapo sira kaye-ku.

133. Wong iki masa kanggoha ala tur kahanan jugul atut kaya sira tumandang ri ra-
haden mantri maka daksina ning husada wicaksana tameng laku awas kaya sih
eng sira sira Pisangan gumuyu.

134. Tur marek ing raden dewi prapta umatur andika sang prabhu manggut twan dewi
ndan sira kryan patih pareng lan sira-rya Wadana marek ing sira sang prabhu
ling ira sang natha yayi sampun awingit anak ira hingsun amalaku sungan e
nanak-bagus.

135. Raden Arya awot-sari singgih pukulun pathik-ajya nuhun mesem nrepati tulus
de nira-sih suwe pinarek sri narendra tumuli luwar sang prabhu sira prami-
15b swarya sampun adandan panomah mara ring ka-ksatriyan mangkat sira sri maha-
matur.

136. Kacundhuk raden mantri sira maha-dewya muwus ih saking endi sira rahaden
mantrya-ngling singgih pathik-aji adyus ing taman ing endi lungha pukulun
akeh tinut ing gagawan sira maha-dewya muwus.

137. Hisun maring ka ksatriyan yayah ira anglamar anak ing Arya Wadana sungana
sire-ki sang liningan asemu smita wong ira sama mem-guyu lepas sira maha-
dewya Ken Rangga mesem amuwus.

# KIDUNG WIJAYA SMARA, GERIA PIDADA, SIDEMEN.12.

## ğ PUH DEMUNG SAWIT ğ

15b 26 138. Paran diwasa mangke-ki maring taman baya becik pukulun akweh kang andulu
27 katuju sang kinahapti de ne hinayatan sapa wikana pukulun matur ring sang
28 natha karaning mangke linamar tan angenteken dina meh-meh ratri yan pinala-
29 ku.

30 139. Gumuyu rahaden mantri tur angucap kulehe mangkana masa harep iri sun katu-
31 won sri narapati mene kinajrihan tuhu salangsang andulu mulat eng manira
32 sira Kuddha-kumara muwus manira mbabatang katareng tinghahe alulut.

33 140. Duran si tan katujuha alaki Sang Hyang Smara lewih kang egar kaye-ku lina-
16a 1 mar sri bhupati raden mantri mesem angucap alis iki biseng semu akeh pako-
2 lihe ri ngwang wong ira sama gumuyu.

3 141. Sira Mambang nahuri pan dahat asih sang prabhu karaning aglis anglamar pa-
4 nalyan ire-ki kangken lawas ring Singha-sekar rahaden mantri amuwus yan tan
5 katekan eng citta nora-na aglis umangsul.

6 142. Malah alawas sun prapti durung aweruh ring rahaden galuh Ken Rangga angling
7 nenggeh apingit sri bhupati mesem sang lwir smara atut kapo sang ahulun pan
8 wikan eng citta wulat ing wong awayuh dyah anghing sun masa waniya angatur-
9 aken lareng tanu.

10 143. Yan anglampahaken iki masa kurang kang amejahana pan dudu inungsi ulah ing
11 arusit sapa ta wenang angluputa wong ira asahur guyu Ken Rangga angucap
12 singgih pathik-bhathara nuhun pan mong ngubda naka raden mantri asemu guyu.

13 144. Prapta sireng wijil-pisan wus cinadang ing tadhah wong ing jro akeh amundut
14 anadhah raden mantri pareng sira Kuddha-kumara ri sampun ing anadhah wong
16b 15 ira sama nyarik akembalan ring natar alungguh.

16 145. Kancit prapta papandon alit hinutus de sang prabhu paka-nira minjeroha an-
17 dika nrepati raden mantri alon angucap ing endi sira sang prabhu lagi ali-
18 nggih ing ambyan tumuli sira-dan kampuh.

19 146. Raden Kumara kari neher tumurun sok wong rarya-ndulur hus prapting puri
20 ndan sri narapati harsa amapag ing wacana lah kaki sira alungguh rahadyan
21 anembah munggah neher alinggih sang natha alon angucap sira iki pakene ri
22 sun.

23 147. Rowangan ira aguling anak ira Nararya Wadana nanghing ndatan aluhung neng-
24 geh wus wikan eng nguni kang munggah ing saga malih akeh kang andulu sama-
25 nak ing mantrya sing katuju hingsun malaku sampun sira wedya raden mantri
26 mesem amuwus.

27 148. Anghing sa-wiji punika pathik-aji anedha sang natha alon amuwus ibun-ta weh
28 sawiji iku lagi anak ing mantrya rupaniya sama-sama meneng rahaden mantri
29 sahur sembeh mesem nrepa-wadhu.

30 149. Kadya-nggan ing madhu-brata tan nora-na ngluput eng santun sang natha harsa
31 gumuyu dumeh hingsun mangke-ki wau pinalampah ing sira pan nenggeh apilih
32 dyah tuhu tan ana ngapikang arupa mangke wus sira hyun.

KIDUNG WIJAYA SMARA, GERIA PIDADA, SIDEMEN.13.

§ PUH DEMUNG SAWIT §

17a 150. Tan pahi twas hisun iki lan atmaja malar-malar sira hyun kari eriki nohan
sun tan sipi tan bosen de ning aninghal tembe yan sira umantuk samun tang
nagara mesem rahaden mantri pira henak sri narendra pathik-bhathara-mit uma-
ntuk.

151. Hentya-rsan ira nrepati asomahan nguniweh pawongan raden mantrya-mit metu
prapta aguling ndan sira sang ing kaksatriyan wus atingkah wiwaha-madhya
papawosan gendhing muniya-sanggani umijil sira sang natha pinarek sireng ba-
le-agung.

152. Pepek sa-kweh ing mantri aguywa-guywan anginum malah lingsir Kilyan inundang
rahaden mantri de nira sang ing kaksatriyan prapta ganjaran sang prabhu a-
nggyan-anggyan hingemasan ginandha sumar mrik harum.

153. Wus ira hyas umijil amit ing sira sang prabhu sa-kweh ing mantri andulur a-
wahana tuhwa-sri wong ira sama ndang kumram prapta ring kaksatriyan ndan
Raden Arya-wadana anganti neher tumanduk. /a

154. Wus cinadang ing papali akalihan sira Puspa-gandha tan adoh ira ibu ndan sa-
kweh ing aninghali harsa bindar eng twas sawaneh ana amuwus dumadak manira
17b ginawa tembe yan mantuk maring Cakra-nagara ah tan bosen de ning andulu.

155. Ndan sang apapali tumuli awusan munggah ing paselang raden mantri umetu pi-
narek ing tanda-mantri sang para-bhujangga hibek ing mandhapa lungguh nguni-
weh ksatriya angideraken bhojana sama sira anadhah sa-drawina larih tan ka-
ntun.

156. Kuneng rahaden mantri sok anjenengi kewala rame agogonjakan malah rong-ta-
beh ring ratri lebar mantuk lan Raden Arya munggah ing pagulingan amukti
rum ning sa-rasmi tan wuwusen sira apulang kung.

157. Telas ing ratri kang enjang ndan sira rahaden galuh ling ira ka Bayan sunga-
na Ken Mrega-wati anggon-anggon den sa-parangkat Ken Bayan amalampah mesem
tur alon angling adhuh nini tumulus sang prabhu.

158. Kangken sahuren ing hurip sri narendra purna tang nagara tulus de ne ahayu
alaki ratu apekik su-saktya ngusada kaya Hyang Aswino nurun maka hurip ing
rat tembe masa wikan alangu pacuh sa-kweh ing angrungu ih kaya kapo iku.

159. Ken Pisangan anahuri saha smita lamun kahasihan ndi dalanan ing huyung Ken
18a Sanggit angling mangke-ki juga tininghalan duran si malih kadulu pan sama
lan pejah mungsir ing Smara-bhawana Ken Namrega-wati amuwus lah sa-karep
ira iku.

160. Tumungkul asemu wirang Ken Bayan Sanggit gumuyu tur sama lumampah marek ing
rahaden dewi kaget kacunduk Ken Pisangan mesem tur alon amuwus lah mangsula
nini mangke ahyas maring sri maha-matur.

161. Neher kinanti lumampah ndan sira maha-dewya wenten ing salu Wetan pareng
sira ranten-aji kancit prapta sira Pisangan puniki reke pukulun den aglis
mangke hyasana andikan ira sang prabhu.

## KIDUNG WIJAYA SMARA, GERIA PIDADA, SIDEMEN.14.

### § PUH DEMUNG SAWIT §

18a 10 162. Gumuyu sira ma-dewi tur angucap kulehe amuja-smara kapo ring dhangu alaki-
11 anom apekik ratu maha-wirya sang para-biniya-jya muwus dhuh gawok manira iku
12 titis ing Hyang Smara hendah amawa rupa marma tan waneh andulu.

13 163. Kulehe gane kaye-ki asanakan Si Kuddha-kumara tuhu rupane bagus anghing tan
14 mimba sa-sidik arare ing polah pantes tan kakehan wuwus katara ring tinghal
15 rupa kakehan lindhi sa-polahe ndudut citta mene karo katuju hisun.

16 164. Sumahur sira Pisangan hendah teka ring bala rupane abagus-bagus satut polah
17 ing gusti tuhu adhikareng nagara malih kembar wujil iku rare wicaksaneng po-
18b 18 lah nora-na kolug eng laku.

19 165. Huni duk wau awikan tumama maring pura kagyat manira andulu rupa ning wong
20 abontit cengil dari batel lan tapak tuhu gundhikan ing ratu pangus de ne u-
21 pa-cara ndi ana kaya puniku.

22 166. Mesem sang para-biniya-ji tumuli rawuh ganjaran sang prabhu lan prami-swari
23 pinggel ali-ali anggon-anggon den sa-padandan sira maha-dewya muwus lah me-
24 rene sira neher maharjja weni pan sedheng papangkas wayah ipun aneng tang-
25 guli-ketur.

26 167. Anjrah ri tepi ning beji wilet ing gadhung lan madhalika rupaniya angrawit
27 pinatigeng gedhah rinukmi kasuluhan wulan sinamiran sutra-hungu romaniya a-
28 panjang sesrebeng asmu wilis tuhu anak ing sang mantrya sira maha-dewi amu-
29 wus.

30 168. Ih ayu temen po sira sampun ing ahyas umetu amit ing twan galuh makadi sri
31 narapati sira prami-swarya ngucap wong iku kabeh andulur maring kaksatriyan
32 tumuli sama amit indungniya lumakwing harsa pinayungan tuhu alangu.

19a 1 169. Prapting jaba munggwing padati ndan sira sang atanu pinarek ing pangastryan
2 (pinarek ing pang) ri heb ning angsoka-asthi Ken Anaranggana angucap malih
3 kang prapta pukulun ganjaran ira sang natha rahaden mantri andulu.

4 170. Lumiring liring amanis mesi Atanu wong ira semu guyu wikan eng hati haptin
5 ira iki yayahniya matur saha sembah paduka prame-swara sih angampunana pan
6 kahula lintang adusun mesem sang lwir Smara ling ira lah sama tumanduk.

7 171. Tumuli sama lumaris ming-jeroha somah Raden Arya wus aprenah ri Kidul ndan
8 raden mantri adyus tumuli atotoya kampuh ira lubeng luhung akris alandheyan
9 paros apinggel kemitan ali-ali roro sumunu atetebus tri-dhatu.

10 172. Asumpang anggrek-sasangka waja wawa nri-danta geseng ning lathi tumurut ya-
11 ya tumetes gendhis urap-urap ngebek i jaja sumar mrik gandhaniya marum ndan
12 Raden Kuddha-kumara akampuh manjethi-wungu.

13 173. Apinggel-kana langsaran kris alandheyan syama asumpang mandalika ling ira
14 rahaden mantri yayi marek ing sang natha tumuli sama umetu kalih anitih i
15 kuda wong ira kabeh tan kantun.

16 174. Pinayungan tuhwa ngrawit ndan sang natha pinarek ing manguntur ring madhe-
19b 17 asthi prapta raden mantri kalih tumurun saking kuda lumaris anglungsur kam-
18 puh sang para-di mantrya tumurun mendhek ing natar sang natha amapag ing du-
19 lu lah kaki sama lungguh.

KIDUNG WIJAYA SMARA, GERIA PIDADA, SIDEMEN.15.

≬ PUH DEMUNG SAWIT ≬

19b 20 175. Sang liningan kalih tumuli anembah munggah neher alungguh suwe tinangkil si-
21 ra sri bhupati tumuli prapta punang tadhah anadhah sira sang prabhu lan si-
21a 22 ra rahadyan sampun ing sira anadhah sang mantri hingalapan malah lingsir le-
23 bar sang prabhu.

24 176. Wuwusen raden mantri sampun mantuk ing kaharyan ndan sira Puspa-gandha kapa-
25 nggih sampun asalin wastra nira rangdi bungalan sang prapta harsa amekul hi-
26 sun anapa tariman punapa mene sira-sung.

27 177. Yan tan aweh sahurana sarwwi ndulang in sepah sira Puspa-gandha muwus kapan
28 wani wong iki tan aweh yadyan sa-palampah lewih tariman sang prabhu atut de
29 ne ananapa rahaden mantri gumuyu.

30 178. Tur asung pinggel lan simsim sarwwya ngaras iki tengeran hisun yan tuhu asih
31 sampun walang-hati de ni sun apisah eng sira tur mara ring salu Kidul sang
32 pinaran lagya lungguh wong ing jro akeh kantun kagiwang eng natar raden man-
20a 1 tri harsa andulu.

2 179. Ling ira wong iki kabeh saking pura katareng rupaniya-yu pan widyadhari pa-
3 mengan ing lewih kang liningan asahur sembah pathik-bhathara hinutus kari
4 atungguha andika ri prame-swara mesem sang lwir Kadarpa iku atut kari eri
5 sun.

6 180. Tumuli munggah alinggih harsa sarwya ngucap-ucap wong ira rahaden galuh sa-
7 ma kakenan rasmi koluyan de ning madhu-drawa sawaneh ana amuwus katuju hing-
8 sun kariya tumulus de ne andulu.

9 181. Nitya gelem eriki yadyan sa-wulan atunggu masa aluwara rowange mesem nahuri
10 dumeh hisun nora atinggal kapengin angrungu wuwus lwir ametokena kilang tu-
11 mulus de ne abagus.

12 182. Iki ta dewa ning manis murtting sarat baya abanyu juruh aguntur gendhis na-
13 garan ire-ki karaning tan sama ring sarat yadyan peten sa-nagantun masa ka-
14 ya sira remen temen tuhwa hisun yadyan sri narendra duran si tan katujwing
15 kahyun.

20b 16 183. Angalap mantwa nire-ki katuwon an ana kang bakal ing mantu rahaden mantri
17 ana ring Kadiri makadi sira ring Janggala angusesa raden galuh yan tan sama-
18 ngkana liwat resep sang ahulun katareng ring tinghal nitya tan lyan paran
19 ing wuwus.

20 184. Gumuyu sama kabehan malah surup Hyang Arka rahaden mantri tumanduk hus mu-
21 nggah ing jinem mrik paran ta polah ing saharas telas ing ratri kang esuk
22 prapta ganjaran sang natha anggon-anggon kweh atumpuk.

23 185. Teka ring Raden Kumara wong ira sama tan kantun kuneng sira sang ahulun a-
24 gya nahur punagi maraha ring wukir Pamintan sosot ira raden galuh sang man-
25 tri hus apangarah wahana asthi acucul.

26 186. Enjang mangkat sri bhupati sa-gerehan gendhing muni alangu ndan raden man-
27 tri hus ahyas anangkil sang natha ring wijil ping-tiga kuneng sira raden ga-
28 luh wenten ring mandhapa Kulon wong ira gugurwing tangan sotan ing kalawa-
29 san salah candak sama gumuyu.

KIDUNG WIJAYA SMARA, GERIA PIDADA, SIDEMEN.16.

§ PUH DEMUNG SAWIT §

20b 30 187. Ken bayan mesem saha-ngling didine iku ginrek ing palaku ih sapa iki anga-
31 ren i kangsi hendah yan tan lyan kang hredaya rahaden galuh gumuyu tur ma-
21a 1 ring pamreman wong ira tukup salukat kuneng sri naranatha malah wengi lebar
2 umantuk.

3 188. Wuwusen raden mantri sampun mantuk ing Kaharyan mandeg ing wijil-pisan ling
4 ira nenggeh nrepati sa-gerehan enjang umangkat mangke dalanan ing awruh hi-
5 sun ring raden dewi ndatan tulus pingit sang ahulun.

6 189. Kasub yan ayu-lewih Ken Rangga mesem saha wuwus pangrenga pathik-bhathara
7 sira raden dewi durung tutug wikan ring angga tan wenang rika pukulun paka-
8 nira nyolong-raras rahaden mantri gumuyu.

9 190. Ling ira piran sun malih awikana mara ring Singha-santun angur mangkya ngla-
10 mpu tan ajrih dhateng eng pati mene yan linamar duran si aweh sang prabhu
11 pan sang wenang karya cucul angusesa sira kaka hinweng Mamenang den senggu-
12 hen sun tan wring laku.

13 191. Lagune aweh ri hurip sri narendra guragadha ing twas wong ira sama pacuh Ken
14 Anaranggana angling singgih prame-swara pathik-bhathara anuhu den layatakena
15 sedheng yan maka padmiha tuhu yan papacangan paran reko karaning wurung.

21b 16 192. Wenten rowang ing kawlas-asih atilar eng nagantun luput roro kang sa-nunggal
17 manawi arusit rinuhun mangke linamar duran si tan glisa rawuh sira raka pa-
18 ka nira awiwaheng raden galuh.

19 193. Pan nora lyan kinapti pira kang prayatneng kahyun apa dus kelang-elangan
20 kang bakal ing rabi rahaden dewi ring Gagelang pan mula papacangan kinudang
21 de nrepati mangke roro paka-nira hantuk.

22 194. Gumuyu rahaden mantri tur angucap kabeh dalan ing huyung tan sih ing widhi
23 walik kapo iki kaka mantri sewake ri ngwang wong ira asahur guyu nora-na da-
24 wak pukulun amanggih pataka lewih kakang ira pukulun raden Kumara pacuh.

25 195. Kabeh lagi ndatan kari angur alampus manira pukulun tan wyartha iki jumeneng
26 ing puri gumuyu sang lwir Manasija wong ira pacuh angrungu tumulya luwaran
27 telas ing ratri muwah esuk kuneng sri narendra hus ahyas lan sang nrepa-wa-
28 dhu.

29 196. Sama kampuh gringsing ringgit kengis lancingan ira lubeng luhung anungkelang
30 duhung arjja alandheyan pinggir rinenggeng sosocan pinggel ira winoda-gung
22a 1 sira prami-swarya apinggel-kana langsaran tuhu ayu araras ali-ali kresna
2 bang murub.

3 197. Asasaman lan rabi asumpang anggrek-sasangka kuneng sira raden galuh sampun
4 ahyas angrawit wastra nira rangdi bungalan siniram ing paradha apamateh rat-
5 na-mulya ros ning panepi alurus.

6 198. Ali-ali mamanisan apinggel hapus-jiwa kalih lan botan Jawa apanumbuk mirah-
7 adi sekar ira dosa-kancana roma tetel apanjang lagi agelung papangkas se-
8 srebeng ira smu mletuk.

## KIDUNG WIJAYA SMARA, GERIA PIDADA, SIDEMEN.17.

### ⟨ PUH DEMUNG SAWIT ⟩

22a 9 199. Arjja suweng gedhah-wilis dinraweng mas solah ira nggawe kung manis ning
10 liring angenteken hati tuhu yan asawang sasangka ri panedheng ing kacatur-
11 wong ira kabeh hus rawuh hibek aneng natar sama gelung mayang-mekar lagya-
12 nak ing mantrya-yu-ayu.

13 200. Sama nandang sutra-kuning patuh atajug subha-nimitta lwir panjrah ing sari
14 Ken Bayan Ken Sanggit kalih amawa tadhah toya anganggo pahesniya murub ndan
15 sire-nya nira sampun anandang mban-hemban gringsing wijaya-smara kancit pra-
16 pta sira sang prabhu.

22b 17 201. Pareng sri prame-swari para-bini-aji tan kantun sampun asalinan kampuh pa-
18 rijata angrawit asekar sumanasa syama sang natha harsa amekul putri tur a-
19 lon angling nini sedheng mangke lumaku.

20 202. Kinanti raden dewi kumrebeg sa-kweh ing andulur ndan sira sang lwir Smara
21 sampun alinggih eng yawi akampuh tepus mayang-mekar tinulis ing kanaka ala-
22 ncingan lubeng-miyat sabuk ira per-mas hungu.

23 203. Aburat jenar mrik minging kanaka-mrebuk gumawang dinulu lwir muksah ri la-
24 ngen ing pasir-gendhis awor langen ing sa-kendriya kris ira landheyan hungu
25 rinenggeng ratna-kahot apinggel apus-jiwita katuju asasaman lan sira sang
26 paran ing kahyun.

27 204. Sekar ira mas awarna mpak-empakan wina mata mirah lyan kumredhap dinulu hi-
28 nten lan manik makutha nira kaga-raja abapang kanaka-tatur bek de ning so-
29 socan ali-ali bang wilis asipat bot Pangajaran lathi geseng tumurut dadu.

30 205. Waja hingan ing manik pan mentas wau asusur lwir tumetes madhu-juruh ri re-
31 ngkan ing lathya mrik mangkin anggawe turida-rsa lengleng sa-kweh ing andu-
32 lu ndan Raden Kuddha-kumara akampuh puru kawya-lus.

23a 1 206. Anungkelang kris kaputran rinenggeng ratna kumram apinggel binantala ali-
2 ali mirah-adi asumpang tangguli-kancana wong ira sama hus rawuh sama nga-
3 ngge botan Jawa krisniya alandheyan tatur.

4 207. Ksatriya lan para-mantri hibek alungguh ana ring manguntur sakatha asthi
5 cumadang ring yawi gendhing gong muni awurahan prapting pangastryan sang
6 prabhu hibek sa-kweh ing andulur sa-jro tan ana kantun sira prami-swarya
7 tan sah kinanti raden galuh.

8 208. Pinayungan ketas-wilis atunggalan sang para-bini-ajya upa-cara ring ahyun
9 tumurun sa-kweh ing mantri mendhek aneng harsa sang natha harsa andulu mu-
10 lat ing raden hino kulehe sira pangeran malah suwe kari eri sun sang lini-
11 ngan tumungkul.

12 209. Asahur sembah tan pangling tumuli kinanti de ra sang prabhu sa-kweh ing ma-
13 ntri mulat harseng hati sumuyug sa-kweh ing iringan kuneng sira nrepa-wadu
14 munggah ing gilingan lan sira raden dewi lagi tan awas tiningha1 sesek ka-
15 heban de ning payung.

16 210. Mulat rahaden mantri nis-karana asmu bendu tumuli atangkeb gubah sang aneng
23b 17 padhati riringgan samir per-mas kumram Ken Bayan Sanggit anggayut sira sang
18 para-bini-ajya munggah ing waji tan kantun.

## KIDUNG WIJAYA SMARA, GERIA PIDADA, SIDEMEN.18.

### { PUH DEMUNG SAWIT }

23b 19 211. Anak ing mantri karihin lan ksatriya sama nunggang kuda ajajar lwir tulis
20 rupaniya angrawit sang natha anitih ing liman rahadyan kalih tan kantun sa-
21 ma pinayungan hibek pinggir ing marggi kang mantri kabeh lumakwing pungkur
22 kuda wahanan ipun.

23 212. Lumaris sri narapati sakatha dulur asri araras sami katon alangu umolah ti-
24 nub ing angin lwir angawe ing twas punang wong ing Singha-santun sama ani-
25 ninghal hyun-hyun twasniyan tan sipi tan wuwusen aneng dalan prapting arah-
26 arah sang prabhu.

27 213. Ring tegal Wetan kahasan lurah-lurahniya alangu pan wau tinandur poksor na-
28 rasah awilis ngungang sa-kamatan samipa ning banyu-agung tepiniya pandhan
29 atuntunan awor mandalika sama nedheng asekar wuluh-gadhing wilet ing gadung.

30 214. Wong ing jro sama karawit atut dalan angahal kusuma de niya ngriweg i laku
27 cap ing lyan lewih dudu inungsi kabeh sun yayi asanak anut lampah ira puku-
28 lun.
29 416. Tan imba ring sa-pandadi sang liningan sumahur nadaniya-lus manira anuhun
30 lamun sampun raden mantri anut ing paratra tan wenang malih winuwus yadin
31 kasangsaran saksat swargga pinanggih mulih ing acintya-pada Raden Kumara sa-
32 hur guyu.
33 417. Ken Jaladhara angucap lamun wus atinggal duhung amogol pathik-bhathara tan
34 un angemasi moktah sira sang susuhunan manawi malih atutur ring ambek ing ka-
35 dur-medan sirna punang sa-nagantun.
45a 1 418. Kabeh ring Singha-sari tan ana wong karya jalu walu punang sa-nagara tekeng
2 bala-thani luhur wukir punang nagari pira ta kweh ing tumut akiyul eng sang
3 pangeran paran ta wekasan ipun.
4 419. Kari juga sri bhupati tungga-tunggal tinilar ing bala kadi sira Sang Prabhu
5 Drupada aprang ing nguni sor de sang pandhawa winwataken sang ahulun ri Bha-
6 gawan Drona mangkana sri bhupati tinawan pathik-bhathara mantuk maring Cakra-
7 nagantun.
8 420. Anyangen sri prami-swari lan raden galuh sa-jro ndatan kantun wong ira-yu-
9 ayu Ken Rangga katujwing hati mulat ring Ken Bayan wyakti padmyan ira iku
10 Ken Rangga angucap paran ujare iki rowange pacuh gumuywa ngrungu dahat gawal
11 wong iku.
12 421. Kancit prapta rahaden mantri angandeg ing babatur ling ira yayi kariha sun
13 mara eng puri lah aguling lan harin ira rahadyan kalih tumurun pathik-bhatha-
14 ra anuta tumuli mijil tan kantun.
15 422. Lagi tan pawan kuda glis wus prapting pangastryan anjugjug maring kamegetan
16 ndan rahaden dewi wenten alinggih ing pamreman wong ira sama atunggu padha
17 anita ring jogan suka sira raden galuh.
45b 18 423. Panalimur eng twas wingit kaka-kakan ira atoh-tohan de niya harsa guguyu
19 lwir tan wikara ning hati pan bisa ing polah dalu ahusan twan galuh Ken Ba-
20 yan angucap malah mangke wus wengi paka-nira anadhaha manggut sira rahaden
21 galuh.
22 424. Tumuli sama umijil kongas gandha-rum ambecik i suluh pan peteng sumaput Ken
23 Bayan angling ih sapa kang agandha sumar Ken Sanggit mesem amuwus baya hyang
24 ing Kendran ndan sira raden mantri alingan ri wit ning sarpa-santun nuli sa-
25 ma lumaku.
26 425. Kaparek ri prenah ira rahaden mantri anambut asthane Ken Bayan kagyat ih sa-
27 pa ta iki raden mantri alon angucap ing endi rahaden galuh wentena ring pa-
28 gulingan kulehe sampun tumanduk.
29 426. Sumahur sira rahadyan paran karyan i ngong rawuh yan tan antuka mareka ring
30 sira twan dewi angapa sira hyun nadhaha Ken Bayan Sanggit umatur ahyun mani-
31 ra malampah pan adan anadhah twan galuh.

KIDUNG WIJAYA SMARA, GERIA PIDADA, SIDEMEN.36.

§ PUH DEMUNG SAWIT §

45b 32 427. Mesem rahaden mantri bhoga kapanggih labuhen iri sun tumuli tumanduk(mulat)
33 munggah ing paturon kaget mulat sira rahadyan maras twas ira gagetun waspa
34 angalaya kesthi polah i nguni sang prapta ngareki tur amekul adhuh mas mirah
35 hisun.

46a 1 428. Sampun dahat wedi paka-nira tuwan baliken pangeran sungsungen /pukulun liring
2 amanis rengkan ing lathi amem kilang swargga manira mas-kwi-ndung tur inga-
3 ras-aras gregeten necep lathi rahaden dewi nepak angaduh mengsah wedi lumu-
4 ngsur. / sun

5 429. Kinisapwan alinggih neher angusap i waspa angiling-iling i wadana harsa anu-
6 ngkemi adhuh atman hisun pangeran ndi ta paranan ing antuk angulati kaya si-
7 ra sira sang katwang ing ayu.

8 430. Alah lara rimihin larahan hingsun pukulun apisah eng paka-nira gumantung ing
9 liring sa-raras-raras ira tuwan lana nggawe turida-kung tumuli kang tadhah
10 prapta lah anadhaha pukulun.

11 431. Labuhen manira singgih atma-jiwa wet ning asisiddhan meneng rahaden galuh
12 Ken Bayan angling iringen raka paka-nira sampun awedi pukulun yadin sa-pala-
13 mpah pan masa urunga pukulun kawawa eng sira raden mantri mesem amuwus.

14 432. Ka Bayan tuhu kaye-ki ujar ira paran becike huyung anggung priyati manawya
15 andadeken agring kaka-kakan ira amidhi sampun pukulun anadhaha uga apuhara
16 tutut twan galuh anadhah ring kisapon wong ira sama-rsa andulu.

46b 17 433. Deniya ngling abibisik mogha karenan posi sun mulat ing sang kadi Smara ange-
18 na ni hati sa-wuwuse andudut citta koluyan punang angrungu papupul ing madhu-
19 drawa tumulus de ne abagus.

20 434. Dumadak tan kaciryana polah ira nyolong-lulut heman kahilangan jiwa pekike
21 tan sipi Ken Pasiran mesem angucap lali sun teka ri antu hinidhep sira pange-
22 ran pan kawawa eng twan galuh.

23 435. Ndan hus anadhah sira raden mantri ling ira awawretta pininang sun pukulun
24 de sang natheng Ratna-puri milwing swayambara nenggeh aputrya listwa-yu raka
25 paka-nira raden hinweng Kadiri pininang reke hus lungha maraha ring Ratna-
26 nagantun.

27 436. Angapa sira dyahari mehi ri ngwang milwing swayambara yan ana weh pukulun sa-
28 huren manira singgih ling ira rahadyan paran karaning tan asung lah lunghaha
29 uga angur tan karye-riki lana nggawe tuturen tan luhung lewih wirang linakun.

30 437. Gumuyu raden mantri dhuh sedheng runtika pukulun dosan ipun dudungkapan anut
31 ing kahapti ala ning ambek inguluran tan wenang angret i laku dadi amungpang
32 ing lampah kaparek eng sira mas-ku.

47a 1 438. Tan wruh eng ulah yukti katuwon sira sang prabhu maka husada wong hedan da-
2 hat ing ajunti angaturaken lareng citta tur pinekul raden galuh sedheng sira
3 tan asiha betah temen sun pukulun.

{ PUH DEMUNG SAWIT }

47a 4 439. Angarekya mungah-mangih rahaden galuh anepak jaja sang kinalan gumuyu lah
5 agelem sira singgih aneng swayambara harep manira pukulun tan wenang apasah
6 ri raras rum-ta rari angapa de ne Ka Bayan anut mene rahaden galuh.

7 431. Ken Bayan amuwus aris kapan pukulun manira tan anut yadyan sa-palaku lamun
8 sampun raden dewi anut ing manira yadin ri guwa ning puhun tan ajrih eng
9 pejah paran wekas ing kari tan un amanggih sangsara raden mantri mesem amu-
10 wus. sureng rana.

11 432. Apan hus titah ing hyang widhi tan wenang linesan lagi tan parawat-rawat-
12 praptahan ire-ki kulehe sira sri narendra maka dadalan ing rawuh sun kaparek
13 eng rahadyan kalingane karep ing tuduh.

14 433. Baliken tustheng hati tumuli munggah aturu tan sah ingemban twan galuh lah
15 agulinga singgih arip temen hisuh pangeran lah kaka sama aturu tumuli atang-
16 keb gubah harsa sira karon kampuh.

47b 17 434. Tangeh yan warnanen malih polah ira sang apulang raras harsa akaron lulut
18 namtam i kapti malah tumibang dawuh-sapta rahaden mantri wus mantuk maring
19 ka Ksatriyan aguling ing salu Kilyan tan wuwusen mangke de ning sun sira
20 ring Singha-santun.

21 435. Asring maraha ring puri nyolong-raras hus anut raden galuh luwar ing wingit
22 ginantyan ing asih wong ira tan adrewe citta lewih sira sang ahulun lan si-
23 ra-yin ira pan kaya atma-jiwa saha mantri suka kalulut tustha sira sang pra-
24 bhu. o .

25 436. Tangeh wuwusen de ning sun ndan kawarnaha sri narapati ana ring Puspa-nagara
26 angrenga wretta ning mantri yan raden hino ring Mamenang pininang de nrepati
27 ana ring Ratna-nagantun hus lungha sira reko.

28 437. Milu ri swayambara sampun pinratyaksa singgih hentya-rsa sri nara natha apan
29 mula dhangu haptyan ira ring raden dewi ring Singha-santun sira sang katong.

30 438. Amanggih kala-desa sumbalya-rep ajurit angluruga ring Singha-sekar amenang
31 ing ahyun malar-malar yan katawana twan galuh pan sira apilih dyah maka pad-
32 myan ira sang katong.

33 439. Tumuli apangarah ing bala mantrya-dikara hus prapti sesek lwir ili ning Ga-
34 ngga saha wahananiya-tri gong gendhing muni tatabuhan pereret lawan kendang-
48a 1 cina saha sanjata punang wong. o .

2 440. Mijil sri narapati pinarek ing tanda mantri hibek alunggwing mandhapa tekeng
3 alun-alun anadah sajeng nrepati dinawuhan kabeh sang para-mantri tumuli si-
4 ra dhadhar-dhadhar sinung lancingan kalambi hingemasan tan kari sira sang
5 para-ksatriya.

6 441. Waneh sinimping-simping kang maka-ngga sri bhupati sama sinungan bhusana mas
7 manik tan ketung anadhah sang para-mantri sa-drawina sajeng balabur henti
8 lwir guntur punang sekul ulam padha susukan rame agogonjakan kilyan ing ra-
9 wi lebar sri narendra.

48a 10 442. Anjugjug maring pura prapta ring salu Kilyan jajamahan anungsung prasama-yu-
11 ayu tan pendah rasmi ning tulis,

12 443. Sama gelung papangkas sang natha harsa mulat ih apsarya pupul tur pinekul-
13 pekul lah ta sama sukeng hati.

14 444. Pungpungen sun karye-riki pan adan mangkat ajurit maraha ring Singha-sekar
15 ala ning twas linaksan duran ta malih awaluy mulat ing sira kabeh puniki la-
16 mun pejah asihe ri ngwang rurubana laywan ing patah sumar cihna ning pejah
17 mka sureng rana.

18 445. Aja sira awingit pan hus titah ing hyang widhi mogha tan wenang linesan ki-
19 sapwan ing mretyu wikan yan dhateng eng pati tan kesthi maka dalanan hisun
20 mulih maring Wisnu-bhawana yan sira siha tumut manira pejah sang winangling
48b 21 sama asemu karuna.

22 446. Sesek ing twas angepon remek manik ing citta wekasan amuwus kapan pukulun
23 tan anut kabeh puniki,

24 447. Kahula prame-swara yadyan ping sapta njanma manira pukulun tan imbeng laku
25 mekul jeng ira nrepati.

26 448. Mesem sri narapati tur mara ring sira Astra-rasmi prapta anambut adhuh nini
27 jiwan hisun hisun amit maring Singha-sekar anglamara maka ibuhan ira aja ala-
28 ra ndan sira Astra-rasmi asahur waspa sakwch ing marek asemu karuna.

29 449. Mijil sri narapati pinarek ing madhe-gadhing malah tumibang dawuh sapta pa-
30 kukuyuh ing ayam angasih swaraniya hirit lwir asayut ri lampah sri bhupati
31 enjing ahyas sira sang natha ring bale-danta akampuh pik sinasar minas-adi
32 alancingan lubeng miyat.

33 450. Kris alandeyan manik binang asuweng papelik abapang mas-tatur patap ning ke-
34 sa-rjja ngraras ali-ali bang wilis apinggel winoda-gung angrawit apanumbuk
35 ratna-pangkaja asipat-alis mangkin anggawe rimang twa pekik atengran Prabhu
36 Taruna.

50a 37 451. Lathi geseng sumorot waja cumampaka pan mentas asusur netra abalut angga ros
38 pamulwa wilis,

39 452. Sampun agandha sumar asumpang sumanasa pinatekes gelung neher tumurun lah sa-
49a 1 ma kariya sun mijil.

2 453. Lumaris sarwya ngagem suruh katut twas ing wong jro-puri anurwaken waspa le-
3 wih kang jajamahan tan pegat milya-neng pipi prapting jaba sira sri narapati
4 pinapag ing gendhing gong tatabuhan amling i karna lan pangrik ing turangga
5 miniya-tri hibek ndatan paligaran.

6 454. Hentya-rsan ira nrepati ling ira aris sang katong mangke sedheng lumampaha
7 sama asahur sembah munggah sira ring asthi pinayungan pita-mbara angapit gu-
8 mawang lwir wulan saking kadohan sang para-mantri anitih i wahana ring wuri
9 sama nganggo adikara.

10 455. Sa-bekel-bekelaniya ngrawit anganggo kumram waneh kang adukduk pedang hus li-
11 ligas gandhewa tewek suligi,

49a 456. Abhra katiksnan ing rawi angres i citta sira tumenggung rimihin balaniya srang nora-na bhaya kahisthi.

457. Lumaris sri bhupati gumrebeg kweh ing angiring malah angibek i dalan tan wuwusen ring henu sapuluh wengi ring marggi meh prapta ana ring Singha-sari dumunung tepi ning nagara sing wong kacunduk pejah pinerang tinebas lyan binedil malayu tinut rinarah.

458. Lwir bhuta anon daging lumajur tandang ing mantri ngincih watang maring harsa kang surak lwir ampuhan yaya karungwing langit swaran ing kuda matangga
49b atri punang wong ing Singha-sekar kapyuhan kaselek inusi ndatan polih atanggal kineris waneh tiningas ring astra.

459. Bedil pating palingas mangkin angres i citta lwir warsa lumabuh wong ing Sibgha-santun sa-jalwi-strya angili,

460. Maraha ring nagara sawaneh atuntunan kang atuwek kelu angrempong ing dalan dahat den ipun kasyasih.

461. Wiparita tan wruh ing laku dadi anglampu eng pati kedekan ing liman kapipis ing turangga kuneng sri narapating Singha-sekar wenten ing wijil kalih kaya kaget angrungu swara ning bedil gumuruh angampuhan sang mantri kabeh padha atatanya.

462. Kancit prapta rakryan tumenggung pareng sira kryan apatih matur ing sang natha yan katekana yuddha de nira sri bhupating Puspa-raja kagyat sri narapati lah kabeh padha adandana sarwwa-sanjata mijil sri naranatha sang mantri kabeh sama apangarah.

463. Ahewon prapta punang wong sama garawalan saha sanjatan ipun angibek i henu ndan sira rahaden mantri,

464. Lagi aguling wenten sira ring salu Wetan Ken Rangga tumanduk ndatan palarapan matur ring rahaden mantri.

465. Sang inaturan gipih mijil ling ira ing endi yayi aglis aturana tumuli ingatu-
50a ran prapta rahadyan kalih sa-pawongan ira kabeh tan kari same-ling ring gagaman ipun ndan raden mantri mijil sarwwi acota tumuli katrini anunggang kuda.

466. Sumuyug wong ira ngiring tan asuwe prapting yawi sang mantri ring Singhasekar harsa mapag ing tinghal lewih sri narapati ling ira lah alinggiha kaki sang liningan asahur sembah tumulya lungguh angling sri naranatha dhuh kaki tulus sih ira pangeran.

467. Sun tinekan ing yuddha de ratwing Puspa-raja sira rowang ipun amapag ing rana sampun sira nalah-hati,

468. Pareng harin-ta tuwan raden mantri anembah katrini umatur dhuh dewa pukulun tan wenang pinanjang malih,.

469. Pathik-bhathara amit angruhunaken lumaris rusit rinuhunan prapta kang satru pukulun ling ira sri bhupati aja tuwan walang-hating sun kaki pareng uga sira lumampah lah yayi Arya sira tungguha umah tumuli lebar mantuk sri narendra.

50a 16 470. Sampun ing ahyas umijil malih sira sri bhupati pinapag ing tatabuhan gend-
17 hing gubar asimban sang natha munggah ing asthi mwang bala kayating padha
18 wani jaga-bela ndan sira rakryan demang lan sira patih hus lumampah ing har-
19 sa lwir agni muntab kabangan ing galak.

50b 20 471. Pareng para-ksatriya sang natha munggwing untat lan sira rahaden mantri pi-
21 nayungan ketas ijo angrawit,

22 472. Ken Rangga Maha-prana pareng wong ing Janggala kabeh hus rumuhun lan Si Ja-
23 ladhara anut rakryan apatih.

24 473. Sok sang mantring Cakra-nagantun mungguh ri huri nrepati sama nunggang kuda
25 lumaris sang prabhu kedhap ing astra lwir tathit ginrehan de ning swara ning
26 bheri lan mredangga panghrik ing kuda amling i karna yaya karungwing wiyat
27 akara rong tabeh prapting payuddhan.

28 474. Atangkep punang jurit rame kang prang silih hol tan ana ngucap mundura so-
29 tan ing akukuh mangggeh tan jrih eng pati lumajur tandang ing para-mantri
30 ngincih watang lumurug maring harsa kuneng sang natha lagi tan hingaturan
31 de ning mantri makadi sang lwir Kadarpa.

32 475. Mandeg kari araryan ri sor ing candu-rakta wenten kahyangan anginggir anini-
33 nghal ri patemun ing ajurit,

34 476. Gumuruh punang surak lwir guntur ing sagara arurek silya-nduk tan angga ma-
35 sora lwir bhuta mangse daging.

36 477. Dur-bala para-mantri arok tang yuddha arangkit sama ngadu kalaghawan amun-
37 tarang pragalbha kuda matangga atri tan ketang kweh ing sawa atindih wong
38 Janggala mangggeh tan giwang amuk ing harsa tan aweh amales kedhap ing astra
51a 1 andarweng wiyat.

2 478. Animbat waneh angeris awreg tang wong Puspa wrin-wrin winahan de ning kasu-
3 ran malayu alulunan ginrek kaselek ing tangkis ngungsi untat srengen rakryan
4 apatih tumurun saking kuda angunus kadga balane den suduk dosane mundur sa-
5 ma wedi atinggal kasura dhiran.

6 479. Akeh ngemasi pejah abyuran punang bala tan wruh ing palaku ndan sira demung
7 tumandang mangsa apulih,

8 480. Tur ameleg turangga tumandang maring harsa lwir arahup marus angunda lipung
9 krura tur angubat-abit.

10 481. Lwir dhandha ning mretyu amupuh sing kacunduk tan un mati awreg alulunan
11 kang wong ing Singha-sekar akeh atawan kanin kadya tan Kebo Anaranggana sre-
12 ngen mulat neher anambut gada mara ring harsa amupuh sangke-ringan silyo-
13 kih suwe atanding kawiran.

14 482. Sira demung angemasi surak sumyok tan paparungwan yaya karungwing ambara ma-
15 lah surup ing arka kasapihan ing ratri tan katon sa-wayawan ing jurit gino-
16 sanan mantuk ing wesma sama laradan ndan sira sang lwir Smara tinangkil wen-
17 ten sireng hudi-jajar.

18 483. Ibek sang para-tanda lawan sang para-ksatriya harsa nutur-nutur polah ing
19 huni aprang linge rakryan apatih,

51b 20 484. Akeh angemasi pejah kahula prame-swara de ning pun si demung Ken Rangga mu-
21 wus sedheng rupane ngresya-ti,

22 485. Ala tur kaseron beris bang ning netra lwir ametu geni kesa-rddha wrut-wrutan
23 punjeng aminduhur Dimbha amindheng jurit gumuyu sira rahaden mantri lah ka-
24 beh padha prayatnaha dudu kang lawan ratu kasmaleng citta sang mantri gumu-
25 yu asahur sembah.

26 486. Manawi malih puniki antuk angrenga wretta yan raden hino ring Mamenang milu
27 ring swayambara karaning prapta ajurit angandel katawana twan dewi lagune
28 tan ana kawedyeng citta amara-cidra ulah ing nitya dama tuhu wani sapa ta
29 ngering i polah.

30 487. Tan wruh yan maha-durggа ngungsi gwan ing macan tur ta sring hinadu mraja-
31 yeng ratu sama gumuyu iriki,

32 488. Kancit prapta kang tadhah lwir wukir sekul ulam anadhah rahaden mantri akem-
33 balan sira rahadyan kalih.

34 489. Sampun ing anadhah ingalapan wong ira ndatan kari sama dinawuhan ibek ing
35 pasanggrahan ksatriya lan sang mantri tan pegat ili ning wang lumaris kang
36 suluh mogha lwir rahina sa-kuwu-kuwu rame agogonjakan ndan twan mantri ana-
37 ngkil ing sri narendra.

38 490. Malah rong tabeh ring ratri ararasan sira sang katong pepek kang para-ksat-
52a 1 riya tumuli aluwaran lebar sri narapati sang mantri sama amet unggwan sowang-
2 sowang nir-bhayeng citta dalu aguling ndan Sang Natheng Taruna tinangkil we-
3 nten ing hudi kasimpar.

4 491. Ibek kang mantri punang bala tan paligaran srengen sang ahulun pan hus katur
5 yan sira demung wus mati,

6 492. Harep mapulih ambaranang eng sri narendra lewih kang kahitung de nira raha-
7 dyan wentena ring Singha-sari,

8 493. Sangsaya mangun runtik kedhep harep ing twan dewi duran si tan katujuha tu-
9 muli apangarah adan sara sang mantri lumurug juru-bedil rimihin mapanganjur
10 suta-magadha lwir singha krura gumuruh punang surak duk prapting paprangan
11 amuk ing wesma.

12 494. Akeh wong ing Singha-sari bhinasmi pan wahwa guling waneh tinutuh ing kadga
13 bedil pating palingas akeh kang angemasi katahurag punang wong ing Singha-
14 sari waneh tan kober anambut astran ipun malayu awurahan ana-tri pupungun
15 tan wruh ing citta.

16 495. Sang mantri sama ahewon anambut sanjata lyan anambut duhung rame awurahan
17 mijil sira sri bhupati,

18 496. Henti srengen ing citta harep anglampweng jiwa rahaden mantrya-mekul dhuh
19 sampun pukulun jumeneng juga nrepati.

20 497. Pathik-bhathara amit dumarana malar kawase-ki satru prame-swara tumuli umetu
21 pareng sang hari kalih nunggang liman wong Janggala tan kari tumandang Rang-
52b 22 ga Maha-prana sama sanakniya lumurug maring harsa tuhu wani atanding kasura
23 dhiran.

52b 498. Hrik ning turangga silih sahut anjirnaken hati sinamen ing tatabuhan gendhing gubar asimban lwir buburang pretiwi gedebeg ing malayu kondur kalawan mangseh sing kacunduk kawenang nuli den tigas mangkin angres i citta lyan kapipis pejah kedekan ing kuda.

499. Gumuruh punang surak lwir warsa agenturan kedhap ing astra lwir tathit ginerehan de ning swara ning bedil,

500. Rame kang prang silih hol pan padha prawira arurek silih inusi tan wuwusen malah prapta kang enjing.

501. Ndan sira raden mantri asara manah lwir wresthi tiba ning sarwwa-sanjata lan raden Kumara akeh atawan kanin sang mantri Puspa-nagara wrin-wrin lwir lembu pinaran ing wyagra awreg abyuran malayu alulunan inusi kang pejah tan pawilangan.

502. Sang mantring Singha-sari garjjita ngadwaken jurit lumurug mara ring harsa kang surak lwir ampuhan wong Janggala tan kari kalawan mantring Cakra-nagarȧ lagi tan paweh amangsal ndan sira patih srengen majnye pawongan apulih sama tan pangrungu ujar.

53a 503. Kedha de niya katresan mogha tan wruh ing citta krodha sira kryan apatih tur tumandang umangsa ndatan gigisin,

504. Anunggang kuda petak sarwya angincih watang sumuyug ing ayun Ken Rangga dinunung aprang tur sira silyo-kih.

505. Suwe atanding kawanin sira patih angemasi kang surak tan paparungwan wus katur ing sang natha henti runtik nrepati nunggang liman anganggo pahyes kaprabhon adhikara akakapan mas amusthi dhandha lwir mralayeng bhuwana sing kapapag puh rebah tang parawasa.

506. Bhisana lwir Hyang Rudra ngiyung larut wong ing Singa-sari winahan kasuran sang mantri akeh pejah waneh atawan kanin sak sirna inungseb de nira sri naranatha malaywa ngungsi untat ndan raden mantri mulat tur ameleg turangga apulih ring ayun mastra-kusala.

507. Sing kacunduk kawenang ndan rahaden Kumara pareng sira sang hari nunggang kuda manggeh ndatan gigisin,

508. Sama akakapan mas ahebeg tutulenan sarwya ngunda dukduk sing kacunduk pejah balan ira kweh lumindih.

509. Wong Janggala mangsa malih lawan wong ing Singha-sari yaya sinung wara-nugraha anurumbung amuk lumajur tandang ing mantri ngincih watang kapasukan Kala-gni gedebeg ing kuda tan paparungwan sumyok kang surak bedil pating pa-
53b lecut twan mantri amapag wuk sri narendra.

510. Ling ira sri bhupati hih bahage ko kapanggih iya ko baya kang ngaran Si Kuddha Angga-smara si karan ing apekik tur wani paksa ngukuh i sang raja-putrya maka wangklangan ing prang ah palar bisa de ne amentarana tan wyartheki pamrih-mu dudu paratra.

511. Duran siddha karep-ta maka wasana pejah palilaken de mu sumahur rahadyan paran ujar-mu iki.

53b 27 512. Yan tan siddhaken kang kahisthi awor saharas lan sira sang raja-putri Singha-
28 sekar pira kang wirang ing hati.

29 513. Mundura ngong atapih lumungsuraken jalwe-ki tur ta atinggal duhung yan tan
30 kendhita ring payuddhan tendhas ing ratu amurkeng citta lemeh de ning ahurip
31 sri narendra srengen ambabad lagi tan antuk sakata aputeran silyo-kih sama-
32 ngres sakweh ing mulat.

33 514. Ndan sang natheng Singha-sari mulat maras ing twas yaye-niris harep tumuruna
34 wong ira asayut kuneng sang malaga kalih tan kewran de nira-ntuk atangkis
35 ngkih cidra padha prawira ndan Raden Arya saking Puspa-nagara mulat gipih
36 paksa tulung ing sang natha.

37 515. Lagi anunggang kuda pareng sira-nak ira sarwya ngundha dukduk wong ira ndu-
38 lur katara tandang anjrihi,

54a 1 516. Anyidra sangke-ringan wikan sang kinabehan astha kiwa angrapih kapisanan ra-
2 den Arya hus mati.

3 517. Mangkin muntab krodha sang prabhu amupuh tan tahen hati males sang winalan
4 terus dhadha sang prabhu dereng pejah sinuri rah muncar ngadeg kari eng as-
5 thi lwir wibhatsa sang amek i pasuryan kasembaran rah mangkin angres i citta
6 kang kari malayu tinut rinarah.

7 518. Remrem sena ning Hyang Rawi tan ana keseh ing sadagati lwir atawan lara greh
8 mandra alangu tumiba tang riris-alit su-gandha mar lindhu ta Hyang Pretiwi
9 cihna ning sang pejah anungkap swargga sura ring rana ndan Rahaden Kumara
10 atanding lan suta nira Sang Arya.

11 519. Lagi aroro sanak sama nunggang turangga rupan ira bagus haran Mantrya-kung
12 Mantrya-nom sira sang hari,

13 520. Rame kang prang aridu ahol ndan Raden Guhya-wirya apagut lawan sang hari si-
14 lih tujah sikepe padha rangin,

15 521. Suwe atanding kawanin tan ana kuciwa sami wikan de ning amrih cidra tur ta
16 sawaweng tuwuh sedheng papangkas-alit matengga tandang ira aramping ndan Ra-
17 haden Wirya-kung sampun pejah umyang kang surak wikan sira-yin ira amrih pa-
18 ti ling ira heren sun kaka.

19 522. Mara tur anduk anitir mangkin lwir singha kokalan kanin wet ning srengen ing
54b 20 twas lwir araup marus kadi mijil agni saking driya kuda nira ngideri ndan
21 Rahaden Guhya-wirya kemengan ginrek hinirup tan wenang linaksanan sawet ning
22 glis ira ngundaken watang.

23 523. Waspan ira raweyan kangen ing sang wus pejah dadya-ntuk anduk ing asthi ka-
24 pisanan pejah rahniya umili,

25 524. Srengen sang linancaran males winuk ing kuda wus pejah tumurun kalih silih
26 watang tikel tang astra kalih.

27 525. Tumandang sira silih pupuh ri dhadha ning rangin dhira tan angga masora so-
28 tan ing kayeng twas mulat rahaden mantri tur mara wong ira keh angiring tu-
29 mandang Si Kebo-akasa tandangniya ngiweng nora-na waniya mapag sama wedi da-
30 di kacunduk Ken Demang.

54b 31 526. Lagawa ngabet atangkis sira demang anudingi ah histha polah-mu teka ngalang-
32 alang i lampah manawi ta malih hapti twan-mu ring sira raden dewi kang tuma-
33 nggal maka tanggeh ing bala kasmaleng citta srengen Kebo Akasa nahuri wuwus-
34 mu kabalik dahat.

35 527. Mogha tan wring hirang ulah ing para-cidra dudu ambek ing wong lewih tuwan-
36 mu dur-sila kasmaleng hati,

37 528. Lagune tan ana kawedi angala-desa kedhep angandel twan dewi katawana mangke
38 wekasan-mu iki.

39 529. Anut lampah ing juti sa-kula gotra ngemasi pati ana ring payuddhan kadya gya
55a 1 adulura maraha ring Yamani kasangsaran duran amanggih becik twas nistura
2 ndan sira rakryan demang srengen amatang lagi tan bisa ngucap lwir sinebit
3 karnane angrungu ujar.

4 530. Kang pinrih mangkin tan wrin-wrin aganas ngabet atangkis lumumpat angunus
5 kadga atinggal ing wahana anuduk jaja angrapih sira demang sampun sinuri
6 kang surak kadi karungwing wiyat balaniya larut nora-na waniya tanggal kine-
7 ris malayu tan wruh ing paran.

8 531. Akeh wong kasangsaran lara nganjaling tawang asambat angaduh malaku kaludan
9 waneh angremih-remih,

10 532. Rahniya dres araweyan lwir gunung tang kunapa rudhira-rnawa ngresya-ti maka
11 karang tikel-tikel ing rangin.

12 533. Anjerum wangke ning asthi lan wangke ning kuda tindih kangken nusa ning sa-
13 gara angibek i tuminghal sirna tang bala mantri kawanda sirah agelar eng
14 ksithi resres usus ning kunapa murya raweyan ndan sira tumenggung sampun ma-
15 ti balaniya ngungsi dur-gama,

16 534. Waneh mara ring wana-dri tumedhun ing jurang lwah ajro ana malaku ginesang
17 sang mantring Singha-sekar srengen mara tur angling ih aja angenteken sawi-
18 ji pejahana ndan raden Guhya-wirya angukih cidra males anuduk jaja sang pi-
19 namrih pejah kang surak ghurnita.

55b 20 535. Prapta sang lwir Kadarpa lan Rahaden Kumara harsa mekul saha ngling aduh ma-
21 ras twas hisun mulat ing yayi,

22 536. Katuwon sihan ing hyang widhi ndatan kacurnan sira ruket ajurit sang lini-
23 ngan mesem anembah saha ngling,

24 537. Srengen ing hati pathik-aji inungseb kaselek ing tangkis tan atya huripa lu-
25 mud tan pawahana wyakti yan sih ing widhi tan pejah gumuyu rahaden mantri
26 tur kinanti pareng lumampah kang wong angiring rame sama guguywan anutur-
27 nutur polah ing paprangan.

28 538. Mandeg ri pinggir ing warih kumetug swaraniya atri wiyar sela-gung-agung tu-
29 murun sama sira dyus prapta nggon-anggon panungsung sri narendra katur ing
30 raden mantri adulur tan kena winilang tumuli ahyas akampuh pik sinasar ang-
31 rawit kris ira landeyan syama.

32 239. Rinenggeng ratna kumram apinggel apus-jiwa wong ira kabeh tan kari dinawu-
33 han lwih rahadyan kalih,

KIDUNG WIJAYA SMARA, GERIA PIDADA, SIDEMEN.45.

55b 34 240. Sama akampuh petak milir apinggel-kana kalih tulak botan Jawi nguwah karna
35 asumpang anggrek-manjeti,

36 241. Pinarek ri heb ning taru-ngu prapta pangundang nrepati tumuli lumampah anut-
37 tepi ning toya kuneng sri narapati tinangkil wenten ing bale-gadhing kang
38 tadhah ndatan pawilangan saha drewina lwir guntur sekul ulam sarwwa-lewih
39 pasuguh ira sang natha.

56a 1 242. Gendhing muniya sangkani pereret lawan mandheli kendang-cina tatabuhan sang
2 mantring Singha-sekar ibek ndatan kahapti kang bala prapta rahaden mantri a-
3 nembah ing sira sang natha tumulya lungguh pareng sira-yin ira ling nrepati
4 nadane alus pangeran.

5 243. Hutang hisun mangkin atindih tan keneng hingan pareng harin ira kalih aweh
6 jiwa dalanan ing sun ahurip,

7 244. Paran sahuren sun iki mangke ring sira aja sira huyung palilaken uga anak hi-
8 sun katrini.

9 245. Mogha winong ing widhi dumadak sira kari eriki ngukuh i nagara atalanga ji-
10 wita paranan pakaryeng nguni sira tuwan dahat de ni sun asih apan tan wruh
11 mula ning kina rahaden mantri mesem asahur sembah sri bhupati liwar karenan
12 ing citta.

13 246. Punang wong ing Singha-sari mulat sama sukeng hati lewih sang para-ksatriya
14 tumuli nadhah sang natha ndan sira raden mantri akembalan sira sang hari ka-
15 lih kawahan angarepaken bhojana saha drawina sajeng tampo waragang lwir wa-
16 rih iliniya tan papegatan.

17 247. Pan kadi asusukan sira sri naranatha sang mantri ring Singha-sari tan parar-
18 yan angideraken larih,

19 248. Gendhing muni araras akeh kang wong kalurwan wong ira rahaden mantri dinawu-
20 han sawatra tan ana kari.

56b 21 249. Malah surup ing rawi aluwaran sama guling sang natha maring pasanggrahan pi-
22 ndhan ing ahuru nguniweh para-mantri ahuru sumahon sama guling wuwusen sira
23 sang lwir Smara pareng aguling lan rahaden Kumara malah wengi de nira angu-
24 cap-ucap.

25 250. Kaharep hisun yayi pan alawas aneng Singha-sari sangsaya ketung angulur i
26 rasa ning citta tan un atemah wisthi kaciryan lampah hisun de nira sri nare-
27 ndra lagi tan jrih eng pejah apan wong ira iki de niya kabehan sama-pti hap-
28 tiniya aprang laluha.

29 251. Tan un atemahaken jurit durgga linaksan henti kawelas hisun ri sang ahulun
30 angatur lara ping kalih,

31 252. Angur mangkya nglayata malar tan kaciryana anyolong manik ing puri sang li-
32 ningan angling atut abecik.

33 253. Mayanta sri narapati den kadi sisihan ing awingit kelangan atmaja ndi paran
34 ing huyung salah tunggal puniki pan sama dhinendhan ing hyang widhi akeh da-
35 dalan ing amanggih lara jumbuh pataka mesem sang kadi Smara tur mijil angan-
36 ti raden Kumara.

56b 254. Wong Janggala tan kari anut kalawan wong kang binecik sighra lampah ira
ndan sira twan galuh lagi dereng aguling kancit prapta sira sang kadi Bha-
thara Kesawa gipih Ken Bayan adhuh bahage paka-nira praptaha dudu wengi pu-
kulun prapta sang natha.

57a 255. Mogha hus antuk puhang jurit angling rahadyan baya angemasi pati sang ratu
tur amekul raden dewi,

256. Honeng apasah sun sa-wengi kalawan sira tur asung sepah ngareki dumeh prap-
ta manira dudu sawengi,

257. Haptya nglayataken pukulun pisan de ning mati wet ning tan wenang apasah ri
raras-ta mas-ku lah lungha sira singgih pangeran meneng rahaden dewi tumu-
ngkul waspan ira raweyan tan wruh ing citta kesthi larahan ira sri bhupati
kalawan sire-bun ira.

258. Tan un atemahaken luluh wet ning lara tan sinipi masa-wet agesang ndi pang-
lipur huyung henti wlas ira twan mantri ngisapwan ngusap i waspa angling
adhuh wikan manira atma-jiwa sangsaya ketung lara nira papasah lan nrepati
sampun kagugu pangeran.

259. Pan masan ing atinggal sangkan ing wancak-dharya nenggeh sira raden mantri
ring Mamenang agelis prapta eriki,

260. Sampun ing swayambara tan bonten sira wirang de ne alaki ping kalih den se-
nggunen wiloka wirudheng kapti.

261. Wyakti tan ana malih maka padmyan ira raden mantri tan lyan pukulun sapa ta
wenang anapiha yan tan rahaden mantri ring Janggala sisihan ing Kadiri anga-
pa ujar sun ka Bayan lah rasanana mogha tan kaya iku Ken Bayan matur iringen
57b pangeran.

262. Sama de niya amidhi rahaden dewya ngling aris den kadi sih ira ri ngwang a-
gelem posi sun hentya-rsan ira twan mantri tur amekul-mekul ling ira aris
yadyan ping sapta sun pangeran reke anjanma sa-dera ngrehakena sun dyahari
pareng rowangan ing pejah.

263. Linge Ken Pangunengan paka-nira nadhaha alumuh rahaden mantri lah ungunen
kaka Si Tuna-rasmi,

264. Kabeh wong ira raden dewi den sama-nuta tumuli winungu sama hus rawuh tumu-
run rahaden mantri,

265. Mijil angemban raden galuh kancit Ken Rangga kapanggih mendek heb ning pu-
dhak ling ira sang lwir Smara kaharep hisun iki den kadi sama tan wruh eng
gati sira kaka angineb lawang metwing laleyan Ken Rangga sahur sembah tumu-
li mijil wong ira rahadyan.

266. Prapting yawi kapanggih raden Kumara cadang padhati akeh apupul munggah sira
sarwya ngemban dyah tumangkeb tunda ning samir ariringgan sutra-dadu rinuk-
mi sa-pawongan ira munggwing sakatha roro kang sowang sampun pinrenah-pre-
nah tuhwa ngrawit sama samir gagadhungan.

267. Akajang ketas-jingga angling sang lwir Kadarpa wong Janggala ndatan kari a-
nut lampah ira rahaden dewi.

58a 268. Mantri kang kaparcaya kabeh winekas-wekas den prayatneng henu neher tumurun ameleg liman embeh pekik,

269. Aglis lampah ira andarung nora-na angrasa wisthi lepas ing nagara tan ana atutur ling ira raden mantri mas mirah sampun dahat awingit baliken henak ing hredaya pan titah ing hyang malar tan kaciryana lampah iki manira gelis tumutura.

270. Sinalahaken raden galuh mangsul tan akeh angiring duk prapting pasanggran tibra dera turu pareng sang hari kalih ndan wuwusen enjang sri prami-swari henti harsan ira angrenga wretta ri panjayan ira sri naranatha tumuli adan mijil eng pangastryan.

271. Papali hus cumadang ling ira prami-swarya Pisangan undang den aglis anak hisun anungsung eng kaka-ji,

272. Mangkat sira Pisangan hus prapting kamegetan tan ana rahaden dewi sa-pawongan ira nora sawiji,

273. Sira Pisangan runtik ih kulehe guyu-guyu sengit ndi ta twan galuh tumuli mara ring pagandhan ndatan juga kapanggih tur mangsul sira hinya kapapag tur angucap ih saking endi sira sira Pisangan angling kinen angundang raden dewi de nira sri prami-swarya.

274. Mogha sira ndatan katemu sira hinya angling kongang rika aturu wong iki satata angawag ndi ta gane twan dewi tumuli mangsul anjugjug maring paguli-
58b ngan tilam juga katemwa asamun sa-kaka-kakan ira ndatan kari kalih de niya asemu maras.

275. Gipih tumuli umatur ring sri prame-swarya yan tan kapanggih twan dewi sapawongan ira kabeh tan kari,

276. Kagyat sang inaturan angling ndi paran ira tumuli tumurun amet ing atmaja tan nora-na matra kapanggih.

277. Epuh ing twas anangis umyang tangis ing jro-puri prapta sang para-bini-ajya pan tan wruh mulan ing lara ndan sira prami-swari kapegan citta niba kapati kang tangis mangkin angampuhan sama atulung sinocan sang kantaka anglilir lara anangis asambat.

278. Dhuh anak hisun nini mapa wekasan sun iki baya apuhara pejah ndi panglipur huyung katuwon/ sih ing widhi aweh lara-bhara naputi hati paran wekasan ing agesang angur paratra manira atma-jiwa ndi teki paran sun amet ing sira./tan

279. Sesek ing twas angepon mangkin tan paupama waspa angapitu dadi kahantu gumuruh swara ning tangis,

280. Sang para-bini-aji anangis lara sasambat duh dewa pukulun mapa rehang-ku anglilira sira singgih.

281. Ndan sira raden Arya ingaturan gipih maring puri kapegan ing citta mulat ing sang alara mekul jeng prami-swari duh dewa lalu tan sih ing widhi paran wekas manira karya-gesang anahen lara lumud sira sang natha ajurit maka dadalan ing lara.

59a 282. Mapa ta gene puniki yan wikan sira sang katong pira kang lara ning citta wyakti tan sinamun paran pakaryeng nguni sama sanak dhinendhan ing hyang widhi alara nangis Raden Arya ndan prami-swari anglilir tur angucap lah yayi aglis peten kakang ira.

283. Tumuli mangkat punang wong matur ring sri narendra ndan sira rakryan pinatih sama sanak lara kapati-pati,

284. Sama dhateng eng pura lan rabi ning ksatriya kalawan rabi ning mantri anglalipur lara nira prami-swari.

285. Tan wuwusen iriki kuneng sira sri bhupati pinarek ing hudi jajar kang utusan rawuh mendek saha wot-sari angaturaken suwala-patra ri sang natha neher winaceng citta mogha tan tulus tibra sira kantaka kang mantri gipih atulung sang natha.

286. Tan wruh ri mulan ing wingit ling ira rakryan apatih atanya ri kang utusan ling ipun pukulun singgih rahaden dewi huniya wengi ilang tan kinawruhan paran ira sa-kaka-kakan ira kabeh tan kari kagyat sang inaturan anangis sanakniya sama alara.

287. Ndan sang para ksatriya milu de niya awaspa mulat ing sang prabhu lwir pejah kapenetan ing buddhi,

288. Mapa ta wekasan ing bhumi den akabehan kagungan ing huyung tinilar ing anak lara de niya sama nangis.

59b 289. Anglilir sri bhupati ling ira asret kaselek ing tangis mapa rehang-ku wet ning lara tan paupama duran awet ahurip tan un pejah lara sira anangis ndan sira sang lwir Manasija lagi aguling pareng sira-yin ira Ken Rangga gipih matur saha sembah.

290. Nenggeh yan kantaka sang prabhu meneng sira raden mantri mijil abasahan pusek tang susunggaran ulat ira smu wingit anghing ndatan kaciryan lampah ira mungpang kahyun pan biseng ulah angling sang natha ilang kakya-rin ira huniya wengi mapa ta wekas sun tuwan.

291. Baya puhara pejah wet ning lara ning citta angur maring gunung amanguna tapa anut maryadeng sang resi,

292. Sang liningan anembah henti wlas eng citta mulat ing sang prabhu adhuh pukulun tan wenang andika malih,.

293. Mogha tinekan jurit maka dalanan ing wingit atut henak tang hredaya wus anjaya satru walik kang lara kapanggih maha-bhara pathik-bhathara amit ngulatana manawa sihan ing hyang malar kapanggih de pathik-prame-swara twan dewi sang natha sahur karuna.

294. Lara anangis sang ahulun waspa tan pegat umili ling ira pangeran tulus sih iri sun lah sa-karep ira kaki lumaya-laya malar kapanggih harin ira lagi sun tan pajiwa kadya-nggan ing Kadiri lawan ing Gagelang mangke-ki mogha tan parawat-rawat.

60a 295. Baya puhara pejah lewiha ring Janggala malah alawas tan prapti sama sanak hisun kagungan wingit,

# KIDUNG WIJAYA SMARA, GERIA PIDADA, SIDEMEN.49.

60a 296. Tumuli lebar sang katong mantuk ing Singha-sekar kinin-kin de ning sang mantri atut dalam tan marya waspa umili,

297. Duk prapting yawi nrepati gumuruh tangis ing wong-nagari sumungsung ing sira angimbuh i huyung tumanduk sri narapati kapanggih sira sri prami-swari kalenger-lenger kahantaka sang natha mekul dhuh hari ning sun tuwan mapeki wekasan hisun pangeran.

298. Anglilir sri prami-swari amekul ing sira sang katong kaka-ji mati sun yan tan kapanggih anak ira ulatana den aglis ndi mangke paran ing nguring-uring katuwon tan pepekan ira lumud sawiji maka paran ing citta mape-ki wasanan hisun kariya.

299. Tan pegat ing lara priyatin angling sang natha kulehe si nanak-mantri asanggup ngiat i anak-ta nini, /u

300. Malar si kapanggih prami-swari angucap dhu bahage hisun dumadak antuk sukan hisun tan sinipi,

301. Sira sang para-muni anglilipur lara sri bhupati nghing sira sang natha tan marya ahuyung kinanti prami-swari maring wesma munggah kalih aguling ndan sira Kuddha-angga-smara hus prapting karang ling ira Puspa-gandha luhung iki bas wikan anggawe rundah.

60b 302. Mesem rahaden mantri tur amekul ling ira ih wong iki bisa mbabatang lagune si awruh aja inucap manih pan nora lyan reko karaning wingit wet ning sun tan wenang apasah pan adan mantuk amit ing sri narendra bapa-ji ngundang milwing swayambara.

303. Wyakti pan wus alawas hisun ring Singha-sekar sangsaya tan ketung asamun ing umah pan sama kabeh iriki,

304. Manawi katekana wisthi pan eweh dahat pratye-kan ing ratu kang anjaga-jaga nora-na keringan iki.

305. Tumuli munggah aguling ingaturan tadhah ndatan hapti wuwusen kang enjang ndan sira sang prabhu pinarek ing madhya-lit ling ira undangen nanak-mantri tumuli mangkat kang pawongan maring kaharyan ndan sira sang pinaran tinangkil wentena ring wijil-pisan.

306. Kampuh ira maler huni tan panganggo mas angrawit ri lara nira sang natha kang utusan rawuh mendek saha wot-sari pukulun mangkin dhateng eng puri andikan ira sri narendra tumuli mijil ling ira ndi pinarek sri bhupati wenten ing mandhapa Kilyan.

307. Mangkat tan akeh angiring sok kaka-kaka hus prapting manguntur lumaris ing pura tur ingawe de nrepati,

308. Lah mereneha tuwan raden mantrya-wot-sekar tumuli alungguh aneng babatur sira prami-swari angling.

309. Den tulus sih ira iki angulati harin ira kaki manawa sih ing hyang andulur i palaku malar siddha kapanggih harin ira saksat sira sung hurip anguripaken
61a sa-nagara rahaden mantri tumungkul mesem ing twas malah lali ri laran ira sang natha.

61a 310. Wekasan alon angling adhuh tan wenang pinanjang malih ri pathik-bhathara mangkya-mit pukulun yadyan kang satus-nagari linampahan tumut mara ring wukir den amrihaken ranak prame-swarya kang kapanggiha manggut sira sang natha lah ta kaki wong ira kinen anawan.

311. Kabeh sira ngambila katekeng arddha-rajya tan harep posi sun mulat ing kawiryan nora-na pakenan eki,

312. Hisun asrah ing sira raden mantri anembah dhuh sampun pukulun tan atut mangkana juga pathik-nrepati.

313. Sira sang para-mantri kabeh dinuman samo-lih kalawan para-ksatriya ling ira sang prabhu lah sa-karep ira kaki awet alara sira anangis malah abalut ing nayana tan keneng tadhah lewih sira-yin ira twan mantri henti awlas ing hredaya.

314. Angembeng waspa ning aksi angur tan mulata reko tumulya-mit metu duk prapting ka Ksatriyan pinarek sira ring wijil kalih ling ira kaka Anaranggana kang anawan pareng lan para-mantring Singha-sekar de ne para-ksatriya samolih lumuh yan dawak lumampah.

61b 315. Apan kakwehan drewya pan ratu maha-wirya kabeh den sama iriki kang olihan nora-na sun wirati,

316. Tur tumurun maring jro ulat ira tan kentar wuwusen kang esuk mangkat kang anawan balaniya akeh angiring.

317. Tan wuwusen ring marggi kuneng sira raden mantri enjing marek ing sang natha anglilipur huyung lawan sang watek-resi nghing tan marya laran ira nrepati tontonen sang sampun atinggal lagi pinarek sira ring salu Kilyan sang mantri ibek sama lunggwing natar.

318. Makadi rakryan apatih suwe tinangkil nrepati rahaden mantri matur pathikbhathara-mit mantuk pan inundang de nira-ri paka-nira angling Nrepati lah mantuka uga pangeran iki atambeh laran hisun tan pengan ndi teki maka panalimur ing twas.

319. Wyakti pan wus alawas sira ring Singha-sekar tan pahido hisun de ne yayah ira lara angati-ati,

320. Manawa sun karya hurip tembe pangeran lawaden posing sun rahadyan anembah amit tumuli mijil.

321. Prapting karang maring rabi ling ira padha hesa reko pan adan umantuk sira Puspa-gandha angucap nora ahyasa malih kapo sira lwir tan wikareng kapti punapa laran ira sang natha neher tumurun prapta rahaden Arya mekul angling dhuh sampun acungking twan.

62a 322. Uwahana uga nini ala ning ambek linakon aja de ne kayeng umah ngulur i palaku nedha sih ira iki kumahula mesem rahaden mantri anganti tumulya salinan lagi sasaman kampuh sutra-jijinggan angrawit ali-ali mamanisan.

323. Sama tan pakekembang sok apinggel kewala tumuli tumurun amit ing yaye-ndung babaktan ira rimihin,

62a 6 324. Akeh punang pawongan kinen tumut ing sira prapta Ken Amrega-wati tan patya-
7 hyas akampuh ketas pik milir.

8 325. Mendek ri heb ning puspa-santun rahaden mantrya ngangguti lah sama mijila tu-
9 muli umetu prapting yawi kapanggih wong ira sama cadang padhati sakatha sam-
10 pun ginubahan tumuli munggah kalih aneng gilingan asamir sutre-jo cinitreng
11 jenar.

12 326. Kancit prapta utusan sang natha matur ing raden mantri sira-yi pangeran lagi
13 tan tumanduk amit ing sri narapati tan kawasa mulat ngimbuh i wingit makadi
14 sira pammi-swarya manggut rahadyan sira kapo matura iki kalih amit ing sira
15 sang natha.

16 327. Mangkat punang utusan matur ring sri narendra lumaris rahaden mantri nung-
17 gang liman pareng sang hari kalih,

18 328. Sama akampuh ketas-wilis apinggel kana kris alandeyan manik nguwah karna ar-
62b 19 jja asuweng pepelik.

20 329. Sakatha kang rimihin wong ira lumakwing uri sama anitih i kuda kuneng Raha-
21 den Arya anut ing raden mantri ring sa-dalan pareng rakryan apatih sama sa-
22 nak sang mantring Singha-sekar para-ksatriya sama nunggang turangga angrawit
23 upa-cara aneng harsa.

24 330. Duk prapting yawi kinen angelisaken lampah ing padhati akeh kang wong mulat
25 lingniya asemu mangu henti larahan ira sang natha tinilar ira mulih pan asih
26 dahat lwir atmaja baya muwuh i huyung ira sang natha kaping-kalih sapa ta a-
27 nglipur ing twas.

28 331. Sawaneh ana ngucap sedheng yan sira sih apan saksat sira weh hurip sri nare-
29 ndra wicaksana-nut ing kapti,

30 332. Lewih tustha ning para-mantri kang sanagara kulehe baya awingit yaya pejah
31 nagareng Singha-sari.

32 333. Tangeh de niya sama ngling lepas lampah ira raden mantri desa kalintangan
33 ling ira sang lwir Smara lah sira wa patih pamantuka pareng sanak ire-ki ba-
34 pa Arya mantuka uga sang para-mantri towya-doh linampahan sun amit kabeh si-
35 ra pamangsula.

36 334. Amlasaken sri bhupati kasaputan ing priyatin palar tembe yan antuk hisun ki-
37 nen angulatana ing ira raden dewi prapta marek eng nrepati sang liningan a-
38 sahur waspa lara sama-mit mangsul ing Singha-sekar asepi nagara tan pajamuga.

63a 1 335. Kapisawaten ing sang mulih lewih sang natha tan amijil eng yawi embeh laran
2 ira sang para-mantri,

3 336. Anesel ri titah eng dadi tan kawuwusa kuneng sira raden mantri agelis lam-
4 pah ira rahina wengi.

5 337. Kancit prapta sira patih ing Gegelang lagya tatakon matur punang tinakonan
6 singgih sang pukulun prapta ring Singha-sari adan mantuk maring Cakra-nagari
7 sira patih mesem angucap bahage hisun lagi kinen anuhur de nrepating Gage-
8 lang animpangana.

63a 338. Larapana sun kaki mareka rahaden mantri mangkat punang inutus matur yan dhatengan praptaha sira rakryan apatih ring Gagelang kinen de nrepati anuhur ing parame-swara animpangana mesem sang inaturan saha ngling lah ta konen mereneya.

339. Tur tumutun suminggah pareng lan kaka-kaka wong ira apupul ri sor ing wandira ling ira rahaden mantri,

340. Kandeg lampah ikang padhati sama araryan punang wong wadon sama ngling ih angapa tumuli aningkab samir.

341. Kancit prapta sira patih akeh wong ira angiring sama kagawokan mulat kidhep Hyang Atanu amepes angga angling pukulun sira sri narapati ing Gagelang ki-

63b nen pathik-bhathara animpangana paduka prame-swara liwat ing hapti wikan paka-nira.

342. Meneng rahaden mantri kang rumasa-raseng hati kesthi sang sampun atinggal lara tan sinamun kangen ing yayah bibi tan lyan reko karana ning awingit sawet ning pan yaya binuncal age tumutur mogha tan pararyan tandwa prapti pangundang ira sang natha.

343. Sesek ing twas angepon tontonen warnan ira sang tan sah eng tanu mapa ta wasanan ira tibra awingit,

344. Yan anuhuha ri pangundang ira sang natha pan liwat dera keringin tan pahe twas ira nrepating Keling.

345. Wekasan sira ngling aris paran ta ujaran hisun iki tan lyan anuhun lah yayi sira pamantuka pareng harin-ta yayi Guhya-wirya anut kakang ire-ki hisun juga maring Gagelang neher pinekul tur binisik-bisikan kulehe masa tan wikana sira.

346. Tur lungha maring rabi aningkab gubah saha ngling angapa hisun ingundang maraha ring Gagelang de nira sri bhupati ahyun wikan mapa de ning tan hapti sira Puspa-gandha angucap kabeh miluha aja ariweg dahat pan adan aglis amit eng sang natha.

347. Putek hisun tan pengan kangen ing sang hus lungha baya suwe heren eriki tan pawekas kulehe tang ujar huni,

64a 348. Salangsang ira liwat atilar eng nagara kidhep si tan tulus asih iri sun sangsaya muwuh i wingit,

349. Asung sepah neher tumurun ling ira twan mantri ka Rangga sang wau prapta kaprenah ri Kidul didine iku madhe ajajar lawan Ken Mrega-wati aturana sama panglawad den kayeng kina ndan sira Puspa-gandha akedik iku kang sapuluh tunggal.

350. Rowange ken Amrega-wati iku rong tunggal wong ira rahaden dewi akabehana sungana mas lan pipis,

351. Tigasan sa-padandan teka ring Kadhu-daka kalawan Si Tuna-rasmi kang sawatra tadhah rahina wengi.

352.

64a 11 352. Lewih sira rahaden galuh tan wenang inucap manih pisis tigang-yutha sa-isi
12 ning pagandhan anggon-anggon tan kari wong iku kabeh pilihana katur eng sira
13 aneng pamregan-anyar ring bale-danta tumut maring lalangwan sira iki padha
14 lan i salu Kilyan.

15 353. Mapa ta de ning sun iki amuncal sang hus rimihin dudu kang kering e citta
16 ngawasaken sang natha pan pahulunan reke de nira samitane ing nguni sira re-
17 ko maka padmiyan i ngwang anghing asihe lewih kahasih hisun sira iki pan mu-
18 la sanak amisan.

19 354. De ne rasa ning citta sang wenang angusesa nora-na malih ing kapti twas hing-
64b 20 sun Ken Rangga mesem saha ngling,

21 355. Kabeh punang kahula paduka prame-swara tumulus hrnak ing buddhi pan atuwan
22 apan mula ning agusti,

23 356. Sama sira sang rimihin kaya angampang rasa ning hati mesem sang lwir Smara
24 tumuli tumurun kancit prapta sira patih umatur punapa don ira-ri prame-swara
25 lagi tan milwa maring Gagelang anut ri paka-nira saha stri pukulun lagi tu-
26 mama.

27 357. Manawa sangsayeng hapti paduka bhathara keh anedhaha ring sri narendra dhuh
28 sampun pukulun yadyan juga sa-sasih paka-nira wenten eng sri bhupati lagi
29 tan kuranga bhojana sira sang natha angiwa prame-swara nis-smreti pukulun
30 nangsayeng(sira) citta.

31 358. Punapa si tan sihan ira sri naranatha pan kedhep ahutang hurip paka-nira a-
32 weh jiwa ning hari,

33 359. Sipi harsa ning citta ri asih prame-swara liwar pamuji nrepati ndan rahadyan
34 mesem tur alon angling.

35 360. Tan sakaring awedi hisun anedha sih sri bhupati anghing tan pahe ri citta ri
36 sira sri narendra ana ring Singha-sari karaning yayi kinen pamulih pan dahat
37 asamun ing umah wyakti alawas hisun ing Singha-sekar walang-hati manawa ti-
38 nekan ing prang.

39 361. Ndan Raden Kumara prapti mesem ling ira wa patih nora sep hisun anedha ring
65a 1 sira sang prabhu tembe manawya prapti amareka nitya rahina wengi anedha ring
2 sira sang natha tumuli amit pinreg punang sakatha sok mantri kari tumut ing
3 rahadyan.

4 362. Sama munggah ing kuda lumaris ing Gagelang ndan sira rakryan apatih lagya
5 ngucap-ucap lawan raden mantri,

6 363. Ling ira sang lwir Smara henti awlas manira ri sang natheng Singha-sari tine-
7 kan prang lumud kelangan putri.

8 364. Kalan ira sri bhupati ana kari ring ajurit sok bapa Arya atunggwa akemit eng
9 kadhatwan sira sang para-mantri iri sun tumuta ring nrepati ri wenginiya pi-
10 nara-bhawa rahaden dewi pareng lan kaka-kaka ndatan kari suksma aneng pagu-
11 lingan.

65a 12 365. Nora-na kang wong ngawruhi tan sapira lara sri bhupati kagyat sang winarah
13 atebah-tebah jaja enggal waspa umijil dhuh dewa paran wekas ing bhumi sama
14 sira catur-nagara kagungan lara dhinendha de ning dewa kang rimihin sira
15 sang aneng Mamenang.

16 366. Tumuta ring Janggala sira sang ing Gagelang mangke aneng Singha-sari ndatan
17 imba kang lara wirang kapanggih,

18 367. Pan titah eng dadi wang tan wruh wekas ing citta kulehe sri narapati pan tan
19 wikan ri pakarya neng nguni.

24 634. Meneng sang inaturan wet ning tan sreddha ing twas tumuli tumurun neher uma-
87a 1 ngsul sa-pawongan ira ngiring.

2 635. Sang kari anggung bhranti lengleng lwir kawuhan hurip rasa-rasa tumutur ndan
3 sang natha ring Ratna-pura apan rekya ming-kalih prapta mekul adhuh ling ira
4 yayi aja sira analahasa de niya-rin ira kaya tan suddhyeng sira de niya cung-
5 king ndatan wenang tinangguhan.

6 636. Angur angemasi pati mapa ta de ning amidhi putek twas hisun tan pengan katu-
7 won ing tan karma ling ira prami-swari ala temen posi carane yayi hisun wus
8 tan bisa ingucap rika pitutur sangkan ing wancak-dharya tur ta iki lumuh de
9 niya kawlas-harsa.

88b 10 637. Masa sira tan wikan sapadya ngemasana tumut sa-cara ning putri yadyan pejah
11 pinarebutan ing jurit,

12 638. De ne sang para-natha wet ning kagesengan mapa ta de ning sun meneng sang li-
13 ningan tan wruh sahuran ire-ki.

14 639. Tumungkul asmu tangis awlas sakweh ing wong tumon lewih kang pawongan ira
15 ndan sira sang prabhu ling ira kariha yayi tur mangsul maring rahaden dewi
16 duk prapta ring sang natheng Karpura ndan sang pinaran harsa mapag ing ting-
17 hal dyahari sang asawang Giri-suta.

87b 18 640. Rengen sambat ing aking-king baya apuhara pati kadi ring kakayon ragas kaki-
19 ngan ing lahru upaman hisun mas-kwa-ri baryan ngajap-ajap tiban ing wresthi
20 salawas ing sampun galangan anahen lara tan keneng tadhah nidra murcca nglih
21 ngesah balisah eng tilam.

22 641. Tan kinasa ring citta sararas-raras-ta dewa gumantung ing dulu linila tan li-
23 la saya angranehi hati,

24 642. Pangdhandhan ing Hyang Smara-murtti kalengka ri twas ameteng i tanu angur
25 paratraha yan tan sih ira singgih.

26 643. Paran becike kari walwi mara ring nagari asangu lara turida wyakti tan sina-
27 mun kawulakeneng-sun singgih pangeran yadyan ing sa-pandadi sa de nira angu-
28 sesaha tur angusap ing pangkon ling ira tuwan dhuh sipi eman yan tan lungguh-
29 kena.

30 644. Ri kisapwan hingsun pukulun ndan sire-nya angling lagi tan teka ring citta
31 matur ing twan galuh punika sri narapati ring Karpura wiryan ira tan sipi a-
32 keh ratu kang kawasa de nira angilyaken mas manik tan kennng hingan sarwwa-
88a 1 lewih kawasa de paka-nira.

2 645. Tan wenang ingupama anghing akarakah dyah wadane puniku pantes awayuh gumuyu
3 sang para-bini-aji,

4 646. Ih bisa kapo si kang wong apara-tinda dahat mamatani wayuh tuhu kaye-ku me-
5 sem sira prami-swari.

## KIDUNG WIJAYA SMARA, GERIA PIDADA, SIDEMEN.74.

88a 647. Mulat ing rahaden dewi sang dinulu asemu tangis sawet ning wirang ing citta sama sira awelas Ken Bayan asemu runtik dhuh katuwon siha kurang awingit bas saja anggawe tuturan pahila hisun tur mangsul sama krigan nrepati lwir pejah ing palinggihan.

648. Lara sumaput ing hati wirang ameteng i panon kidhep angrebuta ring prang wong ira asayut makadi rakryan apatih saha waspa kancit prapta nrepati ring Kaniyaka angupa-ksama ling ira adhuh yayi sampun alara kurang istri tembe de ning ulatana.

649. Tan wenang sinangsayeng hati de niya tan angga padha tan katuju meneng sang liningan waspa kumembeng ing aksi,

650. Henti wlas ira sang katong mulat ing warnan ira mogha gelis ahacum ruksa asamun tan pegat waspa umili.

88b 651. Kuneng rahaden dewi kinanti de nira prami-swari mider lampah ira pan lagya dudwan-dudwan prenah sang mabhupati wong ing jro sama-rsa nininghali amaswas ing liring amarna-marna polahan ira sira sang para-natha ih teki endi sang aneng Mamenang.

652. Kulehe gane kapering pan iku mulaptya sang katong pan liwat katujun ira angalapa mantu wyakti tan aniring i sanagara dahat de nira muji Sang Hyang Indra mindha manusa sama gumuyu adhuh posi mangkana tuhu iki tan lyan isi ning wacana.

653. Kulehe gane sang katong apan ing asih dahat ring sira twan galuh alah kang tuhu anut sa-kaptyan ing putri,

654. Sahus-paksi angucap sesek-sek kang sa-kambah ndan rahaden galuh prapting paninjowan sang natha ring Kreta-puri.

655. Henti harsan ira sang prabhu yaya kagunturan manik amapag ing smita lwir atruh-truh juruh pukulun sang kadi Ratih sang anusah twas ing akung akingking tan wring irang manira pukulun kaya edan angucap-ucap dawak sawyakti geseng anahen turida.

656. Punapa gane puniki kang satata anahen prih tibra anaput i citta gumeng sihta mas-ku dalanan ing ahurip tan tulus angemasyaken pati kasarik ing wisyastra-smara anedha wara-mretan ira dewa dyahari sang murtti ning sa-kalangwan.

89a 657. Kadi katurunan ing sasih hisun pangeran ri praptan-ta mas-ku egar tan drawina bingar tan panandang lewih,

658. Yadyan kang aneng tangan sa dera ngrehakena manira pukulun tan kinas eng titah karo arorwan karasmi.

659. Tuhwa-jeng ing nagari maka arddha nare-swari dhampatya-neng singha-sana sinewan ing ratu nora-na malih kapengin tuminghal sa-rupa ning pawestri yadyan mijil saking sena ning arka kaya tan suddhi manira atma-jiwa tan lyan singgih sira manik ing hredaya.

89a 9 660. Henti gilan ira twan galuh ndan sire-nya angling api matur ring rahadyan wi-
10 kana pukulun puniku sri narapating Kreta-pura pekik tan sameng bhumi tur ta-
11 runa durung kaharas ing dyah apan pratijnya yan tan antuka marek ri jeng-te-
12 ki lungha atilar kadhatwan.

13 661. Wet ning lara ning citta mungsir ing wana-cala lumaku awiku tan tresneng ka-
14 dhatwan pisan pejaha ring ukir,

15 662. Awlas hingsun tan pengan sira Liku angucap lamun tan katujwing kapti pukulun
89b 16 sa-polahe angde bhranti.

17 663. Pacuh gumuyu kang angrungu sahur-paksi angling Ken Sanggit alon angucap ih
18 atut puniku pratijnyan ira nrepati pan tan wandya mur angungsi wana-dri anut-
19 aken maryada sang siddha-rsya manguna tapa wet ning peteng ing citta tan
20 wyarte-ki ewuh amanggih pakerang.

21 664. Duran si kang kahapti ndan ling ira prami-swari ah nis-karana iku apan ujar
22 ing kabotohan kurang rika pawestri kang listwa-yu ulatana de niki sapa ta a-
23 nuhwaken ujar kaya mangkana paran posi ingucap polah iki angesem i para-nata.

24 665. Tur mangsul akabehan katut twas ing wong mulat hela-hela ndulu sang lwir
25 Smara-kaniya lewih sira sri bhupati,

26 666. Sesek ing citta angepon dadi kahantaka wong ira atulung gipih tan wruh ing
27 twas sakweh ing sang para-mantri.

28 667. Sinundang sang kapati ndan raden Kuddha-stra-wirya prapti kagyat andulu ih
29 adhuh mapa rehan ira lah anglilira singgih tur sinocan sira sri bhupati hen-
30 ti awlas ira tuminghal ndan sang kantaka menggah alon akecap wenes ing wada-
31 na tan pacamuga.

90a 1 668. Sama sira pituturi makadi rakryan apatih mantri lan para-ksatriya kuneng Ken
2 Pangalasan matur ring sang natha ring Kaniyaka yan antaka nrepati ndan sang
3 inaturan gipih mangsul maraha ring sira sang kahantaka prami-swari mandeg la-
4 gi anininghal.

5 669. Lawan para-bini-ajya wenten ring paninjowan ling ira ih adhuh kama-kara da-
6 hat malah kang kapati-pati,

7 670. Awlas hisun tan pengan aron wirang ing citta nghing rahaden galuh tan milwa
8 ndulu wyakti awlasa ring hati.

9 671. Tur tumurun anganti Ken Bayan mandeg ing madhe-alit ring mandapa-dhanta pi-
10 najang alangu tiningkah botan Jawi wong ira ibek alunggwing sithi ri heb
11 ning turanggana mekar padha-yu-ayu pahesniya ahur-huran tuhwa ngrawit sama
12 agelung papangkas.

13 672. Su-gandha sumar mrik minging awor lan gandha ning sari mangkin anampek i muka
14 lwir apsarya nurun tuhu isi ning puri tumandang anut sang kadi Ratih maka
15 nyukahan ing nagara bretya-dhikara lawan para-ksatriya kang aputri nora-na
16 kari eng umah.

90b 17 673. Kadi papupulan ing sasih maseng karttika hidhep ing andulu sama kagawokan
18 mulat ing sang kadi Ratih,

90b 19 674. Dadi tan awas kang tumon de ning kweh ing iringan atunggalan payung sama-gung-
20 agung waneh kang tumandang-mantri.

21 675. Lwir megha anaputi kaya angalang-alangi tan tulus hidhep ing mulat sumbalya
22 nononton Wetan papahosan tuhwa-sri ring yasa wuwukiran angrawit pinajang-
23 pajangan sarwwe-ndah-pelag waneh angringgit cina lan babledogan muniya-tri
24 ana napuk amancangah.

25 676. Sinahuran ing gendhing yaya karungwing awyati kendang-cina tatabuhan ginam-
26 bang alangu waneh ri pinggir-pinggir ing dalan tadhah sajeng sumaji lwir u-
27 kir punang sekul ulam saha drawina mogha tan pegatan sing hapti tan ana juga
28 ngawara.

29 677. Waneh kang mula-phala sa-parantyan ing mulat ndatan keneng hitung kumba adu-
30 lur wenten ring wilapa-gadhing,

31 678. Akeh kang wong kulurwan amilih i sa-karsa kuneng sang ahulun ring Ratna-na-
32 gara angling ring sri prami-swari.

33 679. Awlas hingsun tan sipi malah kang kapati-pati pira kang wirang ing citta ru-
34 pane akaus ling ira prami-swari dhuh katuwon si tan katujwing hapti de ne
91a 1 reko sira-nak ira kang salah tunggal sira sang para-natha sing olih tan un
2 pinarebut eng prang.

3 680. Putek twas hingsun tan sipi sa de nira mangkya nglalakon walik kang suka
4 ning citta amanggih pakewuh gumuyu sri narapati adhuh sedheng posi de nira
5 wingit anghing hisun tan adrewya citta rika alara pan hus titah eng kina du-
6 madi wyakti tan wenang linesan.

7 681. Yan masa ning hus mati pituwi tan kaya iki akeh dadalan ing pejah amanggih
8 pakewuh pageh kang japa sa-petik maka yasa prenah ana ring jurit dhiran ing
9 twas angilangaken durgga lewih inungsi maring acintya-pada prami-swari minge
10 tan sredah ing citta.

11 682. Sri maha-dewya ngucap tan un amanggih lara wedine kahitung rika pukulun aga-
12 mpang yan tuhu wani,

13 683. Mesem sira sang natha tur tumurun lumampah kinanti sri prami-swari sama kri-
14 gan wong ira kabeh tan kari,

15 683. Maring rahaden dewi prapta alinggih sumanding tur angusap-usap angga dhuh ni-
16 niya-nak hisun kewuhan de ning rawit apan reko su-guna ning su-putri gumawe
17 suka ning kawitan lewihe iku kapati-bratan ira ring rawit atur dyah Madawya
18 tuwan.

91b 19 684. Anun pojar ire-ki sira sang raja Yayati den kaya sira pangeran mituhwa iri
20 sun yadin sa-prenahe manggih suka kinasihan ing swami sang liningan asahur-
21 sembah neher pinekul-pekul de ra sang natha kudwa-pti sira sun kari alara.

22 685. Wet ning pan asih dahat pinegata ring citta apuhara huyung sama sira wruh ri
23 laran ira nrepati,

24 686. Padha tan waniya ngucap sira para-bini-ajya lewih sira prami-swari tan pame-
25 ngan waspa umilya-neng pipi.

91b 26 687. Angiling-iling i putri tur angucapa ring hati ndi nggonan hingsun antuk kang
27 apuputrya listwa-yu durung yan mangsil eng kapti ya karana ning asih ira hen-
28 ti winongwong winahan kasukan kidhep si tulus maka kembang ing tinghal dadya
29 posi wekasan alon angucap.

30 688. Malah suwe anganti de ne sang para-bhupati sira sang aneng Mamenang den sami
31 sira wruh tumurun neher lumaris kagiwang mendek sakweh ing mantri sumuyug
32 lampah ing iringan duk prapta ri sang natheng Bhoga-nagara lagya mandeg adoh
33 ri prenahan ira.

34 689. Wet ning tan peh eng citta dadi aling-alingan ri wit ning angsoka-asthi byuh
92a 1 santun sumar mrebuk lumreng ksithi,

2 690. Tinawan ing bhramara umreng angisep sekar lwir warsa lumabuh anibeng gelung
3 kadi angembang-ngembangi.

4 691. Amuwuh i karasmin ing sang manik ing nagari asemu leleh kweh ing mulat yaya
5 tan ing rat ring citta tan pendah kadya ngipi tuminghal ring sang katwang
6 ing lewih dudu gane hyang-hyang ning Sura-pada amindeng rat sedheng tohana
7 jiwa amuji kalangen ing sa-kendriya.

8 692. Ndi sya-na aniringi yadyan peten sa-sor ing awyati masa kaya sira tan pido
9 jalu-jalu de ne kakenan kingking tuminghal yadyan kapo pawestri mogha lulut
10 rasa ning citta gawok andulu tangeh de niya angucap silih jawil kuneng sira
11 sri narendra.

12 693. Garjjita tur angucap sarwya ndulang i sepah sinemon smita amanis pukuln dewa
13 sang murtti ning rawit,

14 694. Alal angajap-ajap manira atma-jiwa ri praptan-ta mas-ku nedha sinanmatha de-
15 wa sang guru ning manis.

16 695. Baya hyang ning jaladhi-madhu amindha raras-ta singgih katwang ing kalang-
17 wan tan wenang winuwus anamunaken kapti ndi nggonan ing mangkya-ntuk angua-
18 lati yadyan peten sahasra-rajya masa oliha manira atma-jiwa mulat ing sang
92b 19 ayu tan pasing-singan.

20 696. Panedhan hingsun dyahari den tulus sih ira singgih ring wong anahen turida
21 apuhara luluh wet ning lara ning hati amalar-malar sih ira ngusadan ing ri-
22 mang atur bhramara manira dewa lara angajap-ajap sari mrik wasa kaparek eng
23 sira.

24 697. Parcaya sun pangeran ri asih paka-nira aniban i santun ring anahen kung si-
25 pi sukang-ku dyahari,

26 698. Lagi tan jrih eng pejah manira susuhunan pinarebuta ring jurit lamun sampun
27 sira rowangan ire-ki.

28 699. Saksat swargga kang pinanggih asilung-lung sang manik ing puri lewih yan age-
29 sang akaronan lulut Ken Bayan anahuri adhuh sedheng posi de sri bhupati par-
30 caya sih ira rahadyan punapa huni don ira katampika de ne pekik kedhep tan
31 sama ring jagat.

92b 32 1000. Mesem sakweh ikang angrungu ndan linge Ken Sanggit huni duk ing pinalampah
33 ring sira sang prabhu nora-na matra kahapti dadya ngandel pamenangan ire-ki
34 iku si wong tan wruh ring irang basaja dahat de ne metwaken ujar ing buddhi
35 kaya tan kering ing polah.

36 1001. Tumuli aluwaran kapatulak ing lampah sama amem guyu mulat sang prabhu wirang
37 anaput i hati,

93a 1 1002. Salangsang ira liwat milu ring swayambara harep aprang-lalu angrebuta ring
2 prang tumurun angunus keris.

3 1003. Gipih sang para-mantri amekul suku saha ngling adhuh dewa pukulun de pun ka-
4 taha rumuhun nora-na juga parame-swara akeh rowangan ing amanggih wirang
5 kaka-ri prame-swara pisan karuwan sira sang sinewitan manira-mit pejah anga-
6 muk ing prang.

7 1004. Punapa ta karyan ing kawula anut kabeh puniki pan atya belaha ri lampah pu-
8 kulun yadyan angungsi guwaning macan nora matra awedi sri narendra meneng
9 tur amarangkani kris ling ira lah padha prayatna apan iki tan un andadeken
10 aprang.

11 1005. Anganti kala-desa sang mantri awot-sekar tumuli angumpulaken sanjatan ipun
12 saha balaniya tan kari,

13 1006. Same-ling ring gagawan kabeh hus winarahan ndan sang mantring Ratna-puri sa-
14 ma wruh prayatna angragah wisthi.

15 1007. Kahatur ring sri bhupati ana ring Ratna-nagari ling ira atuduh ing bala a-
16 cadanga sanjata sumahab kweh ing mantri aningkah juru bedil tan kari dukduk
17 rangin sama tinigas tan keneng hingan lwir guntur tang wahana muniya-tri i-
93b 18 bek ndatan paligaran.

19 1008. Wus ing apangarah prapti kang bala saha sanjatan ipun angres i twas mulat
20 lampahniya lumurug gendhing gong asanggani sang natha wenten pinarek ri sor
21 ing wandhira lawan para-bhujangga harsa mulat ing balan ira lumarap lwir a-
22 gni muntab kabangan ing galak.

23 1009. Waneh amawa dhandha katara-dbhuta ring prang sobhagyeng nagantun tinut ing
24 tunggul tandange tuhu prajurit,

25 1010. Sa-bekel-bekelane atri agarawalan sa-wahanan ipun lwir megha sumaput suma-
26 rambah angibeki.

27 1011. Kuneng sri prami-swari kagyat ing twas dadi kaleson tan wruh wekas ing hre-
28 daya pinekul twan galuh paran ta wekas ira pangeran kalud si dewa iki aweh
29 lara reko iri ngwang sama anangis sira para-bini-ajya kang angiring sama
30 tan atya huripa.

31 1012. Tur lumaris duk prapting mandhapa Wetan anonton lwir apajeg kang pawongan
32 tan pegat lumintu mangkin angimbuh i twas asusah kancit prapta nrepati ling
33 ira aja gege maras yadyan sire-ku masa tan tresneng jiwa wulat ikang bala
34 tan keneng hingan.

94a 1 1013. Tuhu tan kalawanan hingan yan isun pejah baya pinuwak eng widhi alampus a-
2 nghing kang kataha malih,

(nomer papadan 239 dados 539).

KIDUNG WIJAYA SMARA, GERIA PIDADA, SIDEMEN.79.

94a 3 1014. Pirang nagara maka layon isun yan pejah aja sira huyung palilaken uga tur
4 kinayuh raden dewi.

5 1015. Dudu senggunen abanggi den kadi amemengeng i isun de ne para-natha sa de
6 nira iku anglampahakena para-tinda wet ning geseng ing hati sira prami-swa-
7 ri angucap didine iku yadin sa-polah ira mangke-ki tan un andadeken rundah.

8 1016. Kulehe apan sawiji kinabehan de ning hapti gumuyu sira sang natha tumuli
9 tumurun pinarek sira ring hudi-jajar pepek sang mantri ararasan ling ira
10 Astra-wirya tan wyartha tiki kabeh sama wihikan bhupati de ranak parame-
11 swara.

12 1017. Sangsaya manguna wisthi pan dudu liyan sira sang kinahyun sang aneng Mame-
13 nang kapan yan waneh kinapti,

14 1018. Sangkan ing huniya prapta pan sangke pakon ira ling ira sang prabhu lah sa-
15 karep ira kuneng sira raden dewi.

16 1019. Kidhep ira i nguni suka ning twas apapanggih kalawan sang wau prapta angh-
94b 17 ing kaharep ira mantuk maring Kadiri tan pengan sukan ira bapa-ji lan sire-
18 bu pan yaya branta kawasa iki embeh lara ning citta sumbali kalih angemasi
19 pejah.

20 1020. Pinarebut eng jurit paran ta wekasan ira iki duran yan agesang ndi pangi-
21 mur-imur sesek ing manah wreddhi apuwara dadi atemah tangis tontonen ing
22 sira rahadyan kidhep anglampu mara lan kaka-kaka awedi ri sang masih eng
23 jiwita.

24 1021. Dene anuwal ing kahapti ndan kaka-kakan ira raden galuh sama asemu luh pan
25 wikan laran ire-ki,

26 1022. Linge Ken Sanggit umatur ing sri prame-swarya punapa si heren malih pukulun
27 pisan den wikan puniki.

28 1023. Aranjana anganti manawa kahalangan ing jurit amegat i lampah tur awan puku-
29 lun ndan sira raden dewi alumuh winidhi maring sira sri narendra ring Bo-
30 jya-natha angling Ken Bayan nir-don punang linampah pan iki masa harepa ma-
31 nira.

32 1024. Manggut sri prami-swari kancit prapta sira tuwan mantri matur sa-andikan
33 ira sang ahulun tumurun neher lumaris wong ing jro sama tan ana kari ndan
95a 1 Rahaden Kuddha-stra-wirya lumakwing uri tan akeh kang andulur sok mantri
2 kalawan amawa sedhah.

3 1025. Lagiha sada sawat sarwya angucap-ucap ndan wong ira raden dewi sukeng ci-
4 tta lali yan kawes eng huni,

5 1026. Duk prapting tegal Wetan sumenggah punang bala Ken Rangga andulu eling
6 ring twan galuh matur ing rahaden mantri.

7 1027. Sang inaturan henti harsa ning twas amaswas ing ari lwir sinungan jiwa a-
8 semu-semu luh kuneng rahaden dewi ingemban ing Ken Bayan lumarisa pawongan
9 ira akrigan ndan sang pinaran gipih tumurun tur amekul ari dhuh atman isun
10 pangeran.

95a 11 1028. Tan pendah kadya ngipi isun ri kapanggih ira yayi baya winong ing hyang an-
12 dulur i laku anangis raden dewi tur amekul aris sama angis kaka-kakan ira
13 awaspa eling ring sanak de niya pekul-pekulan prami-swari kagyat tur alon
14 angucap. /na

15 1029. Tan wruh temen sun tuhan kule ira mangkana mula ning auyung warahkeneng
16 sun ling ira rahaden mantri,

95b 17 1030. Lagi apasanakan ari pathik-bhathara wikana pukulun mula ning dangu ilang ti-
18 nawan ing angin.

19 1031. Tan wruh wekas eng hati huni de ning angulati hus kahasan tang nagara kate-
20 ka ring gunung nora-na matra kapanggih dadya nglampu tibra anahen wingit
21 kesthi pejaha ana ring paran-paran kawasa riki ri jeng parame-swarya nedha
22 sih pukulun pinaka-tmaja.

23 1032. Sipi-sipi kahutangan ing asih pathik-aji paran si panahuran ing hutang-sih
24 pukulun lwir sa-kasa pretiwi tan ingan angling sri prami-swari adhuh anak
25 isun pangeran nis-kara dahat ujar ira mangkana sumbali walik yan enak ring
26 citta.

27 1033. Papanggih lan arin-ta iki ndan sang liningan yaya kagunturan manik hidhep
28 ira tan sah amekul sang ari,

29 1034. Harsa twas ing kang wong tumon lewih kang wong Mamenang ling ira para-bini-
30 aji ih aduh atut sahimper ing rai.

31 1035. Padha suka iriki ndan Raden Kuddha-stra-wirya prapti kanggek andulu pan tan
32 wruh mula ning alara lagi kari anangis kapanggih angling sri prami-swari pa-
33 ngeran sira raden mantring Mamenang reko asanak lan kakang ira kapo iki pan
34 sira putri ring Deha.

35 1036. Sang winarah sukeng hati anembah ing raden mantri sang sinembah amekul liwat
96a 1 gunge hutang isun paran panahuran isun tuwan si asih ira yayi kangken sanak
2 ri kakang ira sang inujaran mesem asahur sembah nis-smreti andika parame-
3 swara.

4 1037. Kalara de ning ahutang sih ngangkena sanak sira-yi pukulun Ken Rangga matur
5 saksat kang ahutang hurip,

6 1038. Sa-nagareng Mamenang ri paduka bhathara lewih sang ahulun sama gumuyu hus i-
7 ngaturan nrepati,

8 1039. Prapta amekul twan mantri aduh tan wruh temen sun kaye-ki de nira asanak ma-
9 ka sukan ingsun atut kapo i nguni tan lyan sira ingajap-ajap de niya-rin-ta
10 tuwan milu ring swayambara kaya tan sudi kapo yan dudu liyan bhuapati angur
11 angemasi pejah.

12 1040. Tur ta malih puniki tan pawang-matra winangling isun de ne arin ira yan raja-
13 putring Mamenang yata karanan isun tan wikan aja analah-hati senggunen sun
14 banggi eng sira pan lagi tan wruh mesem sira rahadyan sambawe-ki pathik-ajya
15 drewya citta.

16 1041. Kaya tan sasana ning wong yan paka-mbek mangkana apahido tuhu ri sang asih
17 dahat saksat apihutang hurip,

96b 18 1042. Yadyan ping sapta njanma mogha tan lalyeng citta sahuren pukulun enak ing
19 hredaya pinamrihaken sa-kapti.

20 1043. Ri sang asih asung hurip gumuyu sira sang katong kaya kaget angrungu kang
21 surak mangkin kadya-mpuhan gendhing gong asanggani tan pendah gelap swara
22 ning bedil awiletan pating palingas angres i citta sira sang para-natha sa-
23 magri mangsa angaswaken liman.

24 1044. Lumajur tandang ing mantri saha bala srang lumindih ngincih watang maring
25 harsa arurek silya-nduk lwir buburang pretiwi gedebeg ing bala pasurak atri
26 awor lan panghrik ning turangga amling i karna mangkin tan paparungwan ku-
27 kus ning bedil anampek i ulat.

28 1045. Sok sang natheng Anatha ndatan miluha ring prang kesthi sih sang prabhu pan
29 yaya asanak anglampu ling tan abecik,

30 1046. Mandeg lagya nininghal lawan pawongan ira ri heb ning taru-ngu ndan sang ri-
31 nebut ing prang amapag tan ajrih.

32 1047. Kadi sira sikaran ing ukir Kelasa tiniban de ning wresthi niscayeng kawiran
33 sotan ing akukuh arok tang laga arangkit wong Mamenang mangseh ndatan gigi-
34 sin amuk rampak sing kacunduk kawenang akeh kawanda pinipis ning turangga
97a 1 sira patih ing Boga-nagara pejah.

2 1048. De ne Ken Rangga angrapih surak sumyok tan paparungon kadi karungwing amba-
3 ra kuneng sira sang natha ring Ratna-nagara ngling ri rahadyan pamantuka den
4 aglis pareng lawan arin-ta tuwan kang bala iku sawaneh tumutura lan mantri
5 pan akeh temen linagan.

6 1049. Angukuh i nagara maran tan tekeng umah satrun-ta anglurug malar kawasaha
7 ling ira rahaden mantri,

8 1050. Karep pathik-bhathara pisan lagi rinaksa ranak-ta pukulun yayi Astra-wirya
9 sira nut kakang ire-ki.

10 1051. Sun tumut ri lampah sang prabhu tur winidhi raden dewi tan angga mantuka ka-
11 rep ira tumut pejah wong ing jro padha wenes-wenesan lagya tan atya hurip
12 mar lesu kadi tan pajiwa somah sang mantri lawan para-ksatriya wet ning we-
13 di tan wruh paranan ing citta.

14 1052. Kuneng rahaden dewi tan sah amekul kaka anangis nungkem i kisapwan winidhi
15 alumuh ling ira raden mantri yan pejah isun den belakena sun pangeran nangh-
16 ing yan sira miluha iri sun de ne ariweg dahat ing jurit manawya sun karya
17 gesang.

97b 18 1054. Tumulus suka ning twas ri kapanggihan ira tembe amit ing nrepati umantuk si-
19 ra mara ing Kadiri,

20 1055. Tur ingemban ari lumaris maring sakatha ndan sira sri prami-swari tan kan-
21 tun sama hus munggwing padati.

22 1055. Tumurun rahaden mantri mangsul pinreg tang padati lwir mer lampah ing syan-
23 dana ndan Rahaden Astra-wirya tan adoh ri hurya nunggang liman pinepekan ing
24 mantri saha bala makadi wong Mamenang saha sanjata tan wuwusen ring dalan
25 duk prapting bancingah manjing eng pura.

97b 26 1056. Raden Astra-wirya kari ring yawi lan para-mantri amariwretteng kadhatwan
27 sa-kambah supenuh kuneng sang malaga kalih padha wira rame-kang prang sil-
28 yo-kih padha angadu kalagawan silih tujah lagi tan angga sora arangkit kang
29 aliman padha liman.

30 1057. Tangeh ikang prang silih hol gumuruh punang surak tatabuhan umung lan bhe-
31 ri mredangga kumetug swara ning bedil,

32 1058. Lwir mralayeng bhuwana kang anjiraken citta lwir sagara pagut arok silya-
33 nduk ndan sang natheng Bhoga-wati.

98a 1 1059. Mulat bala nira ajrih akeh kang atawan kanin malayu angungsi untat srengen
2 sang ahulun tur ameleg liman maring harsa tandang ira anjrihi sing kaparag
3 rebah tang parawasa dinuk ing lipung kadi ta sira Bhathara Rudra-gni nora-
4 na wani atanggal.

5 1060. Wong Mamenang akeh mati waneh kang atawan kanin Ken Rangga runtik tuminghal
6 tumandang ring ayun pareng sanake Kebo Arnawa kadi mijila agni saking driya
7 lwir singha-rodra amuter dhandha tandwa sira Mpu Dharma-dewa prapti ngadeg
8 ri pantaran ing prang.

9 1061. Kadi bhaskara wau kijil saking Udaya-giri kang akampuh putih abhra kumram
10 tejan ira mepek eng langit,

11 1062. Kanggek kang mulat agawok kidhep Hyang Giri-natha ling ira pitutur ri sang
12 para-natha ih aja lampah puniki.

13 1063. Tuhu sira sang kinapti apan putri ring Kadiri nguni mulan ira ilang tinawan
14 ing aus kaprenah sanak ari de nira raden mantri ring Mamenang yan sira ke-
15 dha hyuan tembe malar sira mara ring Daha ri nrepati aja sangsaya ring ci-
16 tta.

98b 17 1064. Paran ta becike iki yadin angawasa jurit lah ta radana uga pan sama sira
18 hyun kulehe apan sawiji kang kinahyun mapa ta gane eki sapa ta sudi tan an-
19 tuka kang salah tunggal kaka-ri prame-swara pan sama mrihaken atalang jiwi-
20 ta.

21 1065. Den kadi kang roro katrini den kabehana palaren pukulun rasanana uga dudu
22 ta ujar sun iki,

23 1066. Nis-karana linampah angur mantuk eng pura anguwahi bala mantri asusukan e-
24 man wiryan-ta tan sipi.

25 1067. Meneng sang para-bhupati ndan rumasa-raseng hati kancit prapta sri narendra
26 ring Anatha ling ira tan angapa sun iki ri sira atut ujar sang yati sedheng
27 kapo yan pituhuna hinganiyan atut lampah ira mangkana nora-pti prapta asa-
28 yut eng sira.

29 1068. Walik kang karaseng hati de nira-sih mituturi duran si anindakena pan kagu-
30 ngan huyung lewih wirang ing hati dadya tan wruh ing twas ring dudu yukti
31 anglampu pan dahat kabrahman mogha tan kesthi ri katolih eng kewuh nghing
32 iki tan wenang kidhepa ring twas.

33 1069. Sama mituhu sang katong tumuli apangarah ing bala napiha jurit alaradan ma-
34 ngsul sakweh ing sang mantri,

99a 1 1070. Angumpulaken bala sa-bekel-bekelaniya padha pupul-pupul eling ring laku a-
2 dan lebar sri bhupati.

3 1071. Ndan sang mantring Ratna-puri tan wruh ing twas sahur-paksi ih paran ta ka-
4 lingane ginosanan de ning prang manawa ta dudu wanci atakut de ne tanding
5 kawanin ana ngucap nenggeh sang dwija reko pitutur kang asayut eng aprang
6 tumuli sama matur ing sang natha.

7 1072. Sang inaturan mangkin henti harsa ning twas mesem angling wancine apara-ci-
8 dra met lesya nggan iku kari sang para-mantri acucul sarwya anininghali
9 ndan sang para-natha hus munggah anunggang liman tan pangenteken dina luma-
10 kwa glis mangkin tan koning eng awan.

11 1073. Kuneng sira sri narapating Anatha-pura mandeg lagya lungguh ri heb ning wa-
12 ndhira pinarek ing tanda mantri,

13 1074. Lawan para-ksatriya kaget prapta utusan sang natha ring Ratma-puri ken a-
14 ngundang tumuli mangkat nrepati.

15 1075. Tan akeh wong ira ngiring kancit kapapag Nrepating Ratna-pura amekul adhuh
16 yayi ari ning sun apeng kadi angipi twas ing sun endi sang maha-yati sipi-
99b 17 sipi kadibyan ira matur sang natha huni duk wau atinggal sang bhupati neher
18 mukseng palinggihan.

19 1076. Kagyat sri narapati ih kalingane hyang widhi asih gane ri sun tuwan sangkan
20 ing tan natgata kinabehan ing jurit gumuyu sira rakryan apatih matur dewa
21 mindha madwija yan tan mangkana masa ngedhepakena pan iki brahma kalengka
22 ri citta.

23 1077. Hinganiyan tan tulus kang jurit mesem sang natha ling ira yayya-ja kumbi-
24 sapanen reko sira raden mantri,

25 1078. Asahur sembah sang katong kinanti lumampah wong ira anutur-nutur polah ing
26 prang padha suka sahur paksi.

27 1079. Ndan sira raden mantri alinggih heb ning gininjring pepek punang wong Mame-
28 nang wastran ira ungu sinurat ing mas-adi akampuh ijo-puru bwat Keling ku-
29 mram rinancaneng paradha asabuk gringsing-lunglung madhu-sagara arjja kris
30 ira alandeyan ratna.

31 1080. Alancingan lubeng lewih apadaka botan Jawi apinggel winoda-gung ali-ali mi-
32 rah nom-noman arjja suweng papelik anguwah karna mangkin angrawit sumpang
33 ira kusuma-patra amata mirah lathi geseng tumurut abangkit wajan ira cumam-
34 paka.

100a 1 1081. Asipat bot Pakudan manis-manis ning tinghal lwir tetesa juruh angde raga
2 kung tuhu putra ing Kadiri,

3 1082. Kasuluhan surya anolih mangkin gumawang amuwuh i bagus lwir lingir-kanaka
4 kancit prapta sri bhupati.

5 1083. Kalih harsa aninghal i sang natheng Kaniyaka angling angapa de nira mulat
6 duh emane tuhu sang raja-putreng Kadiri sang liningan mesem tur alon angling
7 iki si tan wenang ingucap wyakti yan sedheng maka uttameng sarat tan siring
8 kang rinasa-raseng citta.

100a 9 1084. Sedheng yan pinuji-puji gumuyu sri narapati sang pinaran tumurun sang na-
10 tha harsa anambut asthan ira alinggiha tuwan sama sira alinggih katrini lan
11 para-bhujangga ibek kang mantri lawan para-ksatriya nrepating Kaniyaka alon
12 angucap.

13 1085. Kulehe iki yayi-ajing(Kaniyaka) Anatha-pura kaprenahan isun asanak aming-
14 rwa aja de nira awedi,

15 1086. Menegg sira raden mantri lagi paselang-dulu lan sang prabhu henti harsan
16 ira ling ira aris nrepati.

100b 17 1087. Yan alawas sire-riki wentena ring kaka-aji animpangana pukulun maraha ring
18 Anatha-pura anghing ndatan abecik sok wikan juga anininghali sampun anang-
19 saya ri isun twan walik de ni sun asih yan sira ahyun sang winidhi tumung-
20 kul alon angucap.

21 1088. Tembe manawa malih prapta ri jeng sri bhupati animpanga pukulun matangyan
22 aglis umantuk de ning lara raka-prame-swara brayan dina awingit ndatan i-
23 lang lara ning kina asring anangis eling ring patinggal ira yayi sang na-
24 tha awlas ing citta.

25 1089. Tan pido sun pangeran ri larahan ira pan kadi sa-Meru tan wenang winuwus
26 baya-pa karya ring huni,

27 1090. Ken Rangga matur ring twan mantri akeh paratra kawula pukulun ling ira ra-
28 hadyan lah sama kumpulane-ki.

29 1091. Pisan de ning bhinasmi Ken Rangga mangkat akeh angiring kang wong ing Ma-
30 menang ling ira sang prabhu aken rakryan apatih angumpulaken sawa bhinas-
31 mi gesengana tumuli mangkat lwir gunung-apuy adulur kang pambhasmyan ang-
32 rawit mangkin katon ing kadohan.

101a 1 1092. Malah tabeh ro ring wengi lebar mantuk sri bhupati katrini anunggang liman
2 kang suluh lwir rahina sumungsungaken sira sang natha tan asuwe wus prapti
3 ring pangastryan kuneng sang natheng Anatha-pura njugjug ring pasanggrahan
4 duk prapti sampun cinadang ing tadah.

5 1093. Anadhah sira sang katong kang mantri dinawuhan sumahon aturu kuneng prami-
6 swarya kari wenten ing twan dewi,

7 1094. Kalawan sang para-bini-aji para-ksatriya anglilipur huyung ira twan galuh
8 anghing tan marya anangis.

9 1095. Kesthi sang kari ajurit tan kena ring tadhah guling wong ira sama alara
10 anungkem i suku prapta utusan ira sang natha matur ing prami-swari pukulun
11 prapta sri narendra lan raden mantri wong ing jro padha bindar prami-swa-
12 ri mijil lan sira rahadyan.

13 1096. Kancit kapapag nrepati lan sira rahaden mantri prami-swari anambut asthan
14 ira lah mantuka tuwan kinanti raden mantri sri narendra angling asukeng
15 hati gawya-yu yan tan tulus ing prang ling ira awawretta ring prami-swar-
16 ya i nguni mulan ira sang ma-widwan.

101b 17 1097. Ngadeg ri pantaran ing jurit asayut eng prang mogha amintuhu sakweh ing
18 ratu tumuli sama umulih,

101b 19 1098. Hentya-rsan ira prami-swari atebah jaja duh agawok isun baya lilingsyanan
20 dudu gane dewa iki.

21 1099. Mesem sri narapati duk prapting kamegetan alinggih ring mandhapa Kilyan
22 ndan sira twan galuh tan sah amekul sang wau prapta angling prami-swari ma-
23 lah wengi tan keneng tadhah kaya sisiddhan wet ning kaus eng citta dudu a-
24 gring wenese tan pacamuga.

25 1100. Alah kang lara sa-sasih gumuyu sira sang katong mulat ing para-bini-ajya
26 kulehe wong iku maka wit ning awedi sama mesem sira sang ranten-aji ling
27 ira raden Astra-wirya ka Bayan amet tadhah ira rahadyan den aglis tumuli
28 sama malampah.

29 1101. Tan asuwe hus prapta anadhah sri narendra lan sira prami-swari akembalan
30 sira sang para-bini-aji,

31 1102. Kuneng sira rahaden mantri lagya kembalan sira raden galuh raden Astra-
32 wirya suka wong ira tan sipi.

102a 1 1103. Hus ing anadhah nrepati ingalapan kweh ing wong ing jro makadi kang wong
2 Mamenang ring wijil ping telu kalawan para-mantri dinawuhan rame kuneng
3 nrepati wus mantuk lan sira-yin ira para-bini-ajya sama eling ring umah
4 twan mantri aguling lan arin ira.

5 1104. Anutur lara ning huni angres twas ira twan dewi ri laran ira yaye-nang
6 wong ira sama ngluh ling ira raden mantri angimbuh i laran ingsun tan sipi
7 de ne yayi-hino ring Kahuripan lumakwa nusup kaya tan tresneng rajya maka-
8 di sih ira sira wa-ajya.

9 1105. Kulehe angulati yayi duk wau wikan tan tolih eng tuwuh milu kajantakan ndi
10 paran ira mangke-ki,

11 1106. Malah alawas ndatan prapti baya ta pejah ri srenggan ing gunung durgga li-
12 nakun tan ana matra amanggih.

13 1107. Duran si maliha prapti henti wlas ira twan dewi lagi asahur karuna kangen
14 ing sang hus lungha Ken Bayan lan Ken Sanggit amuwus asret kaslek ing ta-
15 ngis punapa wekas ira sang natha baya aluluh wet ning lara ning citta pan
16 sawiji sapa anglipura ring twas.

102b 17 1108. Lewih sira sri prami-swari tan keneng hingan nghing juga pukulun sang na-
18 theng Gegelang kalawan ing Singha-sari,

19 1109. Siningggahan ing lara wingit pan ing asanak masa tan ahuyung sira sang pra-
20 bhu ling ira rahaden mantri.

21 1110. Angapa sira bapa-jing Gegelang kelangan putri nenggeh duk ira-neng natar
22 sinamber eng manuk anghing juga sawiji sira yayi ana ring Singha-sari du-
23 rung yan katekan ing lara endah de ning sun apan ing dudu sanak kaye-ki
24 padha kinelikan ing hyang.

25 1111. Tan wruh ri wekas eng nguni anesel titah eng dadi kulehe sama alara walang-
26 hati ning sun Ken Bayan matur aris manawa wenten siha ning widhi malar te-
27 mbe antuk angulatana sira-yi paka-nira rahaden hino ring Keling purna pu-
28 nang sa-nagara.

102b 29 1112. Linge Ken Sanggit sipi sukan ira sang natha/ sa-kadhatwan saksat kagunturan
30 manik, /lan sira prami-swari

31 1113. Tumulus enak ing twas de ne sira rahadyan mangke wus katemu kang pinacang-
32 pacang huni reke raden mantri.

103a 1 1114. Mesem Ken Bayan Ken Sanggit sukane tan sipi-sipi nguniweh punang pawongan
2 sa-jro sama-rseng citta ibek ing natar amajang wulan tan lyan paran ing ha-
3 ti anutur duk ing swayambara ndan sang natheng Bhoga-wati srengen angunus
4 kris padha tan atya huripa.

5 1115. Sira hinya anahuri iku si wong ala tekeng hati padha gumuyu pacuh sakweh
6 ing angrungu mesem rahaden mantri angrungu tur amekul sang ari angres twas
7 ira kaya-kaya muksa amaliha ilang eling lara ning kina nrepati kalawan si-
8 re-bun ira.

9 1116. Dadi asemu karuna wikan sira-yin ira lah kaka aglisa mulih honeng sun pa-
10 pasah eng bapa-aji,

11 1117. Kalawan sira ibu-sori angling rahadyan amit eng sang prabhu age sun mantuk
12 paran karya sun eriki.

13 1118. Tumuli sama aguling tangeh sira ring Ratna-nagari kuneng de ning sun raha-
14 den Kuddha-ngga-smara sampun mantuk ring Cakra-nagara apan reke i nguni i-
15 nundang maring Singha-sekar duk prapting karang ira nitya susukan lan rabi
16 nguniweh pawongan ira.

103b 17 1119. Pinarek ing wijil kalih ring madhe-dhanta alinggih pepek kang kadehan ira
18 wenten raden Kumara Ken Rangga mesem angling awawretta matur ing sira Pan-
19 ji nenggeh raka parame-swara rahaden hino ring Mamenang antuk ira sang pu-
20 tri huni duk ing swayambara.

21 1120. Nenggeh yan ayu liwat sedheng maka padmiya ujar ing awruh padha kagawokan
22 sedheng tohana pati,

23 1121. Tan wenang ingupama Ratih amindheng sarat hyang ning tasik-madhu lan ukir-
24 kusuma wyakti tan ana niringi.

25 1122. Nenggeh asring i nguni pinalampah ring nrepati de nira sang para-natha la-
26 gi tan kinahyun de nira raden dewi angur pejah emeng sri narapati amidhi
27 lan sira-yin ira aswayambara ndikan ira rahadyan sun hapti lamun milu ring
28 Mamenang.

29 1123. Anuhu sri narapati ngundang mara ring Kadiri miluha ring swayambara anghing
30 ta sangke pakon ira sang raja-putri gumuyu sira rahaden mantri iki kembang
31 angulati brahmara ayu yan teka sipi suka ning citta sumbali ewuh punang li-
32 nampahan.

33 1124. Tuhu yen ayu liwat sedheng tohana jiwa tan ajrih keteng-sun pinarebut eng
34 prang manggeh tan ajrih eng pati,

104a 1 1125. Lamun sampun anujweng hati paran inucap kudwa-ntuk tan luhung nir-don li-
2 nakun wirang tur amanggih wisthi.

KIDUNG WIJAYA SMARA, GERIA PIDADA, SIDEMEN.87.

104a 3 1126. Sipi lara ning citta sama gumuyu iriki Raden Kumara angucap tan paido ing-
4 sun ring sira raden mantri yan tan ahyun suka senggunen wanci apan iki sang
5 saksat tinang-tangan sotan ing ratu sipi wirang ing citta ngured i polah
6 tininda ring sarat.

7 1127. Angur angemasi pati tan ana inucap malih sapadi anahen lara satuhuk ing
8 kantun tuturen tan abecik angas eng ulah tan tuhu becik gumuyu sira sang
9 lwir Smara dumadak isun huni ring Singha-sekar dalan ing tan wruha ring
10 swayambara.

11 1128. Pituwi sun lunghaha duran yan kasanmathan apan lyan tinuju sang aneng Mame-
12 nang wyakti pan sedheng ulati,

13 1129. Wirya tan papacuhan saksat Hyang Manasija kulehe anom apekik maha-prajnya
14 uttama ning wong sa-bhumi.

15 1130. Tur ta malih puniki sinewitan ing putrya-di ayu anulus anghing ta paido i-
16 sun tan kaya sira yayi ring Gegelang lawan ing Singha-sari iku si wong aha-
104b 17 yu liwat ujar ing tan wruh nis-karana inucap pinuji tan wenang kedhepakena.

18 1131. Yan tan sira raden dewi ring Mamenang masa sun gawok Ken Rangga mesem angu-
19 cap sira-yi pukulun sira rahaden dewi ring Mamenang kasub yan ayu lewih su-
20 guna hus luput ingucap sangkan ing luluh punang nagareng Daha samanih masa
21 awaras eng lara.

22 1132. Meneng sang inaturan menggah asemu karuna eling ring sang hus alalis sa-
23 pawongan ira awelasa ring hati,

24 1133. Padha semu-semu waspa ndan rahaden Kumara milu asemu luh henti awlas eng
25 twas mulat ing rahaden mantri,

26 1134. Raden Guhya-wirya prapti asemu kagyat aninghali pan tan wruh mulan ing lara
27 mulat ing sira rahadyan ndan sang dinulu alon angling yayi lungguh eriki
28 sang liningan asahur sembah tumulyalinggih lan Rahaden Kumara abibisik pa-
29 ran sangkane alara.

30 1135. Raden Kumara angling eling ring sang hus alalis sang winarah tumungkul hen-
31 ti awlas ira ring citta ñdan sira raden mantri tumurun yayi mangkat anang-
32 kil malah suwe isun tan amareka tumuli mijil sama anunggang kuddha lumakwa
33 gelis wong ira sama akrigan.

105a 1 1136. Tan asuwe hus prapting yawi padha suminggah mendek sakweh ing sang anangkil
2 sri narendra harsa amapag ing liring,

3 1137. Lah alinggiha tuwan kule ira pangeran alawas tan mare-riki iri sun baya a-
4 nglu sire-ki.

5 1138. Ling ira rahaden mantri pathik-bhathara mbeciki tontonan sami kahula de
6 pun aguguru linge rakryan apatih liwat de ni sun becik paka-nira kang tuma-
7 ndanga amaragina saksat Hyang Manasija ngutpeti edan sakweh ing tuminghal.

8 1139. Kahula kabeh puniki rupane apekik-pekik tangeh yan anggawe rundah gumuyu
9 sang prabhu Si Kuddha-kumara paran jenengane wawadon eki sang liningan me-
10 sem asahur-sembah pathik-bhathara lagi atuturasan sang mantri gumuyu harsa
11 sang natha.

105a 12 1140. Suwe tinangkil sang katong sama aguguywan anadhah sajeng nrepati dinawuhan
13 sakweh ing sang para-mantri,

14 1141. Ndan sira sang lwir Smara amit mara ring pura lumaris anjugjug maring ka-
15 megetan kuneng sira raden dewi.

105b 16 1142. Wenten ring mandhapa-alit asinjang tepus papangaras milir akampuh per-mas
17 madhya ros alurus polah ira ngrimangi asekar sumanasa angrawit ahayu age-
18 lung papangkas srinatha mletuk sesrebeng ira sumemu amanis apinggel-kana
19 langsaran.

20 1143. Tumungkul nyitra ni gendhing wong ira ibek alunggwing ksithi guguron amaca
21 wiwa duk aneng taman Ken Bayan lan Ken Sanggit pinawos prapta rahaden man-
22 tri asmu smita ling ira prajnyan kapo wong iki mesem kang inujaran saha
23 ngling wirang manira carakan.

24 1144. Tan wruh abasa wikan gumuyu sang lwir Smara tumurun rahaden dewi ndan ling
25 ira alinggiha kaka-mantri,

26 1145. Tur asung patarana tumuli sama lungguh ling ira rahaden mantri awewretta
27 ring sira rahaden dewi.

28 1146. Kaka-hino ring Kadiri olih putri ayu lewih miluha ring swayambara ring Rat-
29 na-nagantun baya purna kang wingit ri sira yayi sang hus alalis apan reko
30 pinacang-pacang sira ring kina mangke pan huwus ilang sira iki masa adrewya
31 ring citta.

106a 1 1147. Ling ira rahaden dewi duran si adrewya buddhi yadyan kari ring Gelelang sa
2 de nira iku amalampahaken para-tinda dudu senggunen iri apan padha kari
3 eng umah anganggo wenang gumuyu sang lwir Kándarpa nahuri sampun sangsaya
4 ring citta. /a

5 1148. Angandel sun pangeran masa kayaha sira yadyan ta satus nagari masa-ntuk a-
6 ngulati kang kaya iki,

7 1149. Kulehe putring Ratna-puri amarajaya paran karyane-ku pahila isun ri ujar
8 ing wong amuji.

9 1150. Mesem rahaden dewi wong ira pacuh saha ngling didine pathik-bhathara mana-
10 wa pukulun tuhu yan ayu lewih sangkane ngandel sri narapati parcaya ri ayun
11 ira rahadyan kagema lulut sira sang para-natha i nguni tembe ngundang eng
12 Mamenang.

13 1151. Kapan manira puniki durung wruh ring raden dewi wedine apara-wada ling ira
14 sang lwir Smara nenggeh pakon sang putri angundang maraha ring Kadiri sang-
15 kan isun tan sreddha eng twas ujár tan luhung de ne kalanjen ing dyah mar-
16 ma ning tan milu ring swayambara.

106b 17 1152. Kesthi pan dudu-lihan kapo kang kinaharsa paran karyan isun mene linakun
18 wirange tan sipi-sipi,

19 1153. Dumadak wenten sih Hyang Widhi kulehe ri ngwang huni aneng Singha-sari hi-
20 ngan yan tan amanggih lara ning hati.

106b 21 1154. Ewuh tur tan abecik Ken Bayan mesem saha ngling angandel pathik-bhathara
22 yan agelem pukulun huni ring Ratna-puri baya lulut ira sang raja-putri apan
23 iki saksat Hyang Manasija amindheng sarat mesem sang inaturan kapengin isun
24 wikana ring rupa.

25 1155. De ne kasub ayu lewih nora-na rarekon malih iku si wong kaya cinadya amet
26 jajalu tur ta milih ing buddhi yan tan sira kaka-hinweng Kadiri angur pejah
27 sangkan ingsun(aweha) ahewa sire-nya angling baya hus antuk ametani huni
28 rahaden hino ring Daha.

29 1156. Sangkane kalulut ing hati milu sang natha mogha kapilangu milu alulut anut
30 sa-kapti ning putri,

31 1157. Mesem sira rahaden mantri kaya mangkana tan pahido isun wenang tinuju sira
32 sang aneng Kadiri.

33 1158. Wiryane tan sipi-sipi ratu mabala bhuppti tur mijil prapting pangastryan
34 wong ira katemu luwar tangkilan ira sang natha sama sira umulih sang lwir
107a 1 Smara duk prapting karang mandeg ring jaba wenten ing madhe-jajar alinggih
2 pinarek de ning pawongan.

3 1159. Rame angingon i gendhing sarwya anadhah sajeng kahenti balabur drawina ra-
4 me asukan-sukan tan asuwe tumuli ahusan mantuk rahaden mantri prapting jro
5 ndan sira Astra-rasmya kancit kapapag prayan ira adyus mangsul aglis wedi-
6 ne asring atulak.

7 1160. Mesem sang kinawedyan tur angamel i astha lah ta agulinga singgih ndi ta
8 paran ira kang satata wedi,

9 1161. Tur kinanti munggah aguling atangkeb gubah sira-Stra-rasmi anangis lumung-
10 sur gumuyu rahaden mantri.

11 1162. Kang satata apindrih kulehe sang ayu iki sedheng runtika pangeran kulehe
12 iri sun kalud deniya kasyasih tan sasaman paran palaren iki sa de nira sa-
13 ma luputa tur anguwah i wastra kalawan kampuh anungkemi paran ta polahan
14 ira.

15 1163. Ndan sira sang para-putri sama weruh mesem ing hati tur mara ring salu Ki-
16 lyan sira raden galuh pinarek ing madhya-lit alinggih kampuh ira pik-milir
107b 17 asumpang sumanasa syama srinatha wilis ali-ali salaya amanis arjja aping-
18 gel kemitan.

19 1164. Agelung mayang-mekar sampun agandha sumar pepek wong ira anangkil amalam-
20 pah guguron andarung rasmi,

21 1165. Prapti sira sang para-putri sama hus ahyas lwir apsarya nurun sama-yu-ayu
22 ling ira rahaden dewi.

23 1166. Yayi asring i nguni amalampah guguron puniki ling ira-Stra-prana pindha
24 lali isun apan alawas duk pinalampah guguron puniki tur tiningkah pinrenah
25 punang bang-bang marantya lungguh milu wong Singha-sekar winidhi guguron
26 sampun atata.

27 1167. Angarep rahaden dewi lan sira sang para-putri kumucup swaran ing bang-bang
28 lwir warseng kapitu anghing asring tan yukti gumuyu sira rahaden dewi sa-
29 lah candah gipih tinimbal padha gumuyu ling ira Citra-gandha kang akangsi
30 tan panut sela ning guntang.

KIDUNG WIJAYA SMARA, GERIA PIDADA, SIDEMEN.90.

107b 31 1168. Ri kaping tigan ipun milir kang pinalampah pindhan ipun anut sedheng tinu-
32 ju anghing kang dede sadidik,

33 1169. Ling ira Astra-prana kulehe tuhu iya sangkane abahur padha gumuyu ndan si-
34 ra rahaden mantri.

108a 1 1170. Ahewa ngrungu gendhing nulya tangi asmu runtik sira-Stra-rasmya sinalah
2 ing hinya nulya-dus sinungan pinggel lan simsim anggon-anggon sampun asalin
3 rapih sang anangga-smara nulya hyas agandha sumar tumurun sarwya nginang
4 mara ring sang agamel mesem angucap.

5 1171. Paran bisane wong iki angarep amaji kuping sang putri asahur smita meneng
6 raden galuh tumungkul asemu runtik tur pinekul de ning rahaden mantri paka-
7 nira iki malampah sun pinalampah iki sakarep ira lah Ujil wong isun kinen
8 minjroha.

9 1172. Hus sinengan tumuli prapti ibek ing natar suminggah sang para-putri kang
10 pawongan sama agingsir ing linggih,

11 1173. Ri sor ing naga-puspa lante sampun ginubah Ken Rangga atuduh ningkah kaka-
12 lihan tumurun rahaden mantri.

13 1174. Angarepaken gendhing wong ira hus tameng rasmi mangkin muni punang gamelan
14 aglis kadi ampuhan tiga-warna angrawit Smara ngarang ri langen ing wana-
15 [illegible] karttika ginreh ing kumbang padha tan angga sora li-
16 newih panyakar ira araras.

108b 17 1175. Wong ing jro sama-rseng hati lewih sira raden dewi tan pegat amaran tingh-
18 pan liwat katuju ning twas malah wengi tumuli ahusan kuneng rahaden mantri
19 maraha ring sira Astra-rasmi sang pinaran lagi agugulingan twan mantri pra-
20 pta amekul angaras.

21 1176. Betah temen sun tuwan ling ira Astra-rasmya tan wikana isun gumuyu rahad-
22 yan wenes temen sira singgih,

23 1177. Alah kang asisiddhan kulehe warnan ira hinya yen haptya anadhaha pukulun
24 tan bonten ahyun sadidik.

25 1178. Ling ira amet den aglis mangkat punang wong tumuli prapti lah ta anadhaha
26 aja sira huyung meneng sira-Stra-rasmi winidhi-widhi tutut tumuli anadhah
27 ndan sira sang lwir Smara tumulya guling sarwya nglambang dadakan kakawin
28 sinelan-selan babasan.

29 1179. Swara manis aniyuh hati kerid twas ing wong angapi ndan sang anadhah ahusan
30 wong ira ingalapan tur kinanti mara ring pamreman sampun atangkeb samir pa-
31 ran polah ira saharasi telas ing ratri kuneng wuwusen enjang atangi ahyas
32 wenten ing pagandhan.

33 1180. Lan sira Ratna-mreta ambecik i srinatha harsa angiling-ilingi sinusupan se-
34 kar sinelan kethaki,

109a 1 1181. Asasaman wastra lan rabi per-mas ungu sama asabuk manjethi kampuh ira sutra-
2 gagawe angrawit.